

MINAMATO YEMAZUVA ESE

CHINYORWA

2

Kubvumbi, Chivabvu, Chikumi

2023

Nhau Dzakanaka

ZUVA NEZUVA

MAHARA

KWETE KUTENGESWA

TI SHUKU RATI OBADHARIRWA
NEVATAKARATANA NAWO SAKA
RINOOGONA KUGOVERWA MAHARA

SEMVURA INOTONHORERA KUMWEYA UNE NYOTA, NDIZIVO ZVAKAITA **NHAU DZAKANAKA** DZINOBVA KUNYIKA IRI KURE. (ZVIREVO. 25:25)

Uebert & BeBe
ANGEL



UEBERT NA BEBE ANGEL

Uebert neBebe Angel, vashumiri veshoko raMwari vanenguva yakareba vachiita basa iri uye ndivo varikutungamirira mukufambisa shoko renyasha dza Mwari (Euaggelion) nechiporofita pasi rese. Pahuviri hwavo vakanyora mabhuku akaita mukurumbira anoverengera Spiritual Warfare, Intimacy, Prayer Banks, Supernatural Power of The Believer, nemamwe Uebert ne BeBe Angel vashumiri vanokokwa kumisangano yakawanda pasi rese kuti vazoshumira nekudzidzisa uye vanokosheswa pamusoro pemuono wavo, nekushumira kwavo shoko raMwari vasingatye. Ndivo vakavamba Good News Church (Spirit Embassy) uye semaporofita vashandura hupenyu hwemamiriyoni akawanda evanhu pasi rese, pasi pechirongwa chavo chekutendeutsa vanhu, kuburikidza nekuunza kwavo chizaruro cheNhau Dzakanaka Dzenyasha Dza Mwari (Euaggelion).



Jakobho 3:5

Saizvozvowo rurimi mutezo muduku runozvirumbidza zvikuru. Tarirai moto muduku unotingidza huni zhinji sei!

Nyika dzakakura dzinovimba nezvombo zvadzo zvehondo zvinenge zvakukurawo. Uye zvinokonzeresa kuti dzimwewo nyika dzizvitarisira pasi nekuda kwezvombo zvadzo zvinenge zviri zvidiki kana zvichienzaniswa nezve nyika huru. Chombo chako iwe ndiro simba rako! Iwe une chombo chakakura kudarika pfuti, chimbambaira kana bhomba renuclear. Uchaona kuti hupenyu hwako haurambe hwakadaro kana ukatanga kushandisa chombo chaunacho ichi, zvekuti unotokunda chete.

Vhesi redu ranhasi rinotsanangura rurimi senhengo diki yemuviri wemunhu uye kuti rwunokwanisa kuita zvinhu zvikuru zvinoshamisa. Rangarira kuti vara iri ririkushandiswa mubhambheri rekuti rurimi" kana kuti "muromo" rinonzi "stoma", nechii Hebheru izvo zvinoreva banga kana kuti chombo chekuchekesa nacho. Chombo ichi unacho mumukanwa mako saka uchikwanisa kuuraya, kuvaka kana kuparadza uchishandisa muromo wako. Shandisa chombo ichocho zvinehuchenjeri, uvake marudzi nacho.

Nhasi ita sarudzo yekushandisa muromo wako zvinehuchenjeri. Rangarira kuti ukapa mwana mudiki chombo kuti achishandise anoparadza zvakanwanda nacho sezvo chinenge chapihwa kumunhu anenge asina ruzivo. Wakapihwa rurimi kuti urwushandise pakuvaka, kwete kuparadza. Taura pamusoro pebudiriro, nekuwaniswa simba muhupenyu hwako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Rurimi rwangu chombo chandiinacho. Ndirikutema chirevo xhekuti ndichakunda chete. Ndirikuwana hupenyu munezvese zvehupenyu hwangu. Ndirikutaura hupenyu pane chese chakafa muhupenyu hwangu kuti chirarame zvakare nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA: Zvirevo 8:7

**Mateo 13:24**

Wakaisa pamberi pavo mumwe mufananidzo achiti, Hushe hwokudenga hwunofananidzwa nomumhu wakakusha mbeu yakanaka mumunda make, Asi vanhu vavete, muvengi akauya akakusha masawi pakati pezviyo akaenda:

Nzvimbo inotyairwa zvikepe inozivikanwa zvikuru pamusoro pekuva nevatyairi vanotungamirira pakutyaira zvikepe, uye basa ravo rakakura zvikuru kudarika kutungamirira chikwata. Sangano remubatanidzwa wenyika dzese re-United Nations rine hwaro hwakanyorwa pasi hunofanirwa kuti hutevedzwe kana kuchityairwa zvikepe. Ibaso remutyairi wechikepe kuti aone kuti zvese zvinenge zvakatakurwa nechikepe ichi kusanganisira newese anenge ari machiri kuti zvachachengetedzwa uye kuti vashandi muchikepe ichi vanenge vachitevedza mirairo yese yemuchikepe. Baso remutyairi harisi rekufambisa chikepe ichi chete asikuona zvakare kuti munhu wese

arimachiri nezvese zvakatakurwa zvinosvitwa kwazviri kuenda zvachachengeteka, uye pasina kupinza vamwe vatyairi vezvimwe zvikepe munjodzi.

Kune vamwewo vakuru variko vanebasa rakakura kudarika revatyairi vezvikepe uye ava vakuru vezvemweya, kana kuti vemarudzi. Iwe wakamirira mhuri yako semutungamiriri wayo wepamweya, zvakare urikutungamirira avo vakakukomberedza. Bhaibheri rataura rikati kune murume akange akanaka akakusha mbeu dzakanaka, asi muvengi akauya vanhu varere akakusha masawi pakati pezviyo izvi. Kana vatingamiriri vemarudzi vakarara, muvengi anouya odyara mbeu dzakewo muminda yavo.

Panguva yatiri ino yehupenyu hwakadzika, hakuna nguva yekutambisa, zvichireva kuti hapana nguva yekurara muvengi achiita madiro ajojina achidyara mvongamvonga, bopoto nemanyama amire nerongo pakati pedu. Tinofanirwa kugara takarinda kuburikidza neminamoto nekuita mikumbiro kuna Mwari uye hatifanirwe kuti tinete sezvo tiri ndisu vatungamiriri vemarudzi.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri mutungamiriri wemarudzi uye mhuri yangu ichagara yakachengeta nekuti ndichagara ndakamira pamukana ndichinamata. Muvengi haana nzvimbo yaanowana yekupinda nayo nekuti ndichagara ndakarinda, ndichinamata nekuita mikumbiro kuna Mwari nezita raJesu.

MAVHESI EKUVERENGA: Ezekiel 33:2-5

**VaHeberu 12:28**

Saka zvatinopihwa hushe husingazununguki, ngative nokuvonga kufi fishumire Mwari nako fichimufadza nokukudza nokutya:

Kana ukatungidza rambi unoona zvipembenene zvakasiyana siyana zvi-chiuya kwariri zvichizorikomberedza, nekuti rinenge richibuditsa chiyedza icho chinozvikwezva. Ukanyatsoon-gorora unoona zvakare zvipembenene izvi zvave kusuduruka kubva kwariri. Zvinogona kumbouya kuzoona chiyedza ichi asi zvinotadza kuzogara ipapo nekuti rambi iri rinenge riine moto unopisa wazvisingade. Bhaibheri rinotio Mwari chiyedza, uye rinoti Mwari moto unoparadza." Vakati tiri chiyedza chenikwa, asi mune chimwe chikamu chemagwaro, vanotsanangura isu va-

paridzi veshoko ravo vachiti tiri marimi emoto.

Uri mbeu yaKristu uye hausu chiyedza chete asi uri marimi emoto". Vako-ma vangu nehandzvadzi dzangu munopisa hapana chinokubatai! Hurwere matenda, kumiswa mkwezvinhu nemamwe matambudziko hazvina nzvimbo muhupenyu hwenyu. Moto unopisa, moto unoshandiswa pakubika, asiwo unouraya! Nhasi ndirikutumira moto wamweya mutsvene kunechese chirir kukutambudza! MOTO wamweya mutsvene ngaumedze chese chakadyarwa nemuvengi muhupenyu hwako nezita raJesu. Enderera mberi nekuverenga shoko raMwari uye unamate. Minamoto yako haasi mashoko chete asi mazimbe emoto anenge achipisa zvese zvemuvengi zvinenge zvauya muhupenyu hwako nezita raJesu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakagadzirwa nemoto. Handinyadziswe muhupenyu hwangu. Ndirikurayira moto waMweya Mutsvene kuti upise zvese zvakadyarwa nemuvengi muhupenyu hwangu nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

Muprofita Jeremiya 20:9

**Mateo 17:1**

Mazuva matanhatu akati apfuura Jesu akatora Petro naJakobho naJohane nemuninina wake akaenda navo mugomo vari voga,

Chitundumuseresere chakagadzirwa chine zvmigomho zvinenge zviinemo-to Uye basa razvo nderekuchisundira kuti chikwire mudengadenga. Saka pachinosimuka chinenge chichibatsirwa kusimuka nemigomho iyi. Mushure mekanguvana unoona migomo iyi yave kudonhera pasi icho chichitunga kuenda mudenga chopedzisa rwendochave chega. Bhaibheri rinoti Jesu akakwira gomo nevadzidzi vashoma vaakasarudza kubva pachikwata chegumi nevaviri. Hazvireve kuti Jesu akange asingafarire vadzidzi vaakasiya nekuti havasi vese vanokwanisa kukwira kusvika kuzviyero zvepamusoro zvekubwinya. Akadya chingwa nehove nemhomho yevanhu asi paakange avekukwira pagomo reshanduko akakwira nevashoma avo vakawanirwa nyasha dzekuona chitikpo ichi.

Unogona kunge uine vanhu vakakusiya, uye vanenge vakasiya bhizimusi rako, hushumiri hwako chero chipi chehupenyu hwako. Ndinoda kuti uzive kuti avo vanotisiya vanenge vasina chekuita nehwaro hwehupenyu hwedu. Vamwe vanhu havakwanise kukwira kunzvimbo dzatinenge fichiendeswa naMwari. Unogona kurasikirwa navo nekuti vanenge vasingakwanise kukwira kusvika kunzvimbo dzaunenge uchiendeswa kwadziri naMwari. Saka usanetseke hako kana vakatangwa kusakushanyira, kana kukutsvaga nekuti Mwari varikukuendeswa kuzviyero zvakakura zvehupenyu hwako. Paurikuverenga mashoko echiporofita chanhasi, urikusimudzirwa uchiendeswa kunzvimbo dzakakwira dze-hupenyu, unotokunda chete uye nyika yese ichaona kubwinya kwako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri guta rakaiswa pamusoro pegomo, handihwandisike, Ndirikunamata nekuporofita kuti ndirikukwira kuzviyero zvepamusoro uye hapana chinondimisa nezita raJesu!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri guta rakaiswa pamusoro pegomo, handihwandisike, Ndirikunamata nekuporofita kuti ndirikukwira kuzviyero zvepamusoro uye hapana chinondimisa nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA: Judha 1:4

**1 Timoti 4:15**

Shingirirayi zvinhu izvi muzviite nemwoyo wose kuti kupfuurira mberi kwako kuonekwe navanhu vose.

Nhumbu inogona kusaoneka kwemwedzi mitatu kana yakati kuti, asi panosvika nguva yekuti inenge isisavanzike. Ndizvo zvimwe chete neropafadzo raMwari, nekuti kunyangwe ukaedza kurihwandisa zvakaite sei, rinosvika nguva yarinoonekwa neveruzhinji. Mvhesi redu ranhasi muApostora Pawuro varikukurudzira mwanakomana wavo kuti agare achiverenga nekufunga pamusoro pemirayiro yaMwari kuitira kuti makomborero anouya kuburikidza nekudaro aonekwe nevanhu vose" Apa muApostora Pawuro varikurayira munhu wese kuti averenge nekufunga pamusoro peshoko raMwari nguva dzese kuitira kuti munhu wese aone kushanda kweshoko iri uye nekuva nezvizaruro chekushanda kwaro. Vakoma vangu nehandzvadzi dzangu, hatinamate Mwari vakafa kwete. Mwari wedu anopindira munezvese zvinechekuita nevanhu.

Hupenyu hwako ngahuratidze vamwe vanhu pamusoro pezvinokwanisa kuitwa naMwari. Kuburikidza neshoko ravo uye neminyengetero yaunenge uchiita, Mwari vanoratidza vanhu vese kukomborera kwavanokwanisa kuita. Kubudirira kwako kuchaonekwa neveruzhinji. Haukwanise kuhwandisa zvinenge zvaitwa naMwari muhupenyu hwako, nekuti Mwari vati varikukupa goho rakakura. Uchaita mucherechedzo unoratidza kuti unoshumira Mwari vapenyu. Koshesa shoko ranhasi uris-handise unodzoka uchipupura!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ropafadzo raMwari riri pamusoro pangu uye kubwinya kwavo kuchange kuripamusoro pangu mazuva ehupenyu hwangu hwese. Vanhu vakawanda vachaona chiyedza chaMwari hupenyu hwangu hwese nezita raJesu!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ropafadzo raMwari riri pamusoro pangu uye kubwinya kwavo kuchange kuripamusoro pangu mazuva ehupenyu hwangu hwese. Vanhu vakawanda vachaona chiyedza chaMwari hupenyu hwangu hwese nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

2 VaKorinde 9:8



Johani 18:37

Pirato akati kwaari, Iwe urimambosu? Jesu akapindura akati unorevei kufi ndiri mambo. Ndakaberekerwa izvozvo ndakauyira izvozvo, panyika kufi ndipupure zvokwadi mumwe nomumwe wezvokwadi unonzwa izwi rangu.

Kuvaakakodzera zvinoreva kuenderana nekushanda pamwe chete nezvinenge zvichiitika panzvimbo panguva yakatarwa. Kana chinhu chikapera kukosha kwacho uye chisisaenderane nezvinenge zvichidiwa, panenge pasisina chikonzero chekuchichengeta. Mamiro ezvinhu aya ndiwo anoitikawo kunyika yemweya, nekuti paunopera kukosha kwako unenge wavekufanira kubvawo panyika ino kana kuti ufe. Jesu akararama kwemakore makumi matatu nematatu pane rino pasi uye

vazhinji vanoti akafa achiine makore mashoma shoma pane rinopasi, asika akange apedza kare kuita basa raakange atumwa naBaba vake vekudenga kuti ariite.

Kubvira nhasi tiza rufu, hurwere nemamwe matambudziko kuburikidza nekuratidza kwako Mwari kuti wagadzirira kuti vakushandise muhushe hwavo. Vanokusuwa here kana ukasaenda kukereke kwako kana kuti ukasashanyira vekumhuri yekwako? Kana pasina anokusuwa hakuna chauri kuitira vemhuri yako kana kukereke kwako. Ndiri kukunamatira nhasi kuti uve munhu akakodzera nezita raJesu! Paurikuverenga gwaro rino rechiporofita ramba kuva munhu asina maturo, uve mudziyo unoremekedzwa nezita raJesu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirimudziyo wakakosha muimba yaMwari. Hupenyu hwangu imhinduro kumatambudziko akawanda anosanganikwa nawo nevanhu. Ndicharama kwemakore akawanda kuti ndione kunaka kwaShe muhupenyu hwangu. Amenii!

MAVHESI EKUVERENGA

2 Timoti 2:21

**Mateo 10:30**

Kana muri imwe yevhudzi wemusoro wenyu rakaverengwa rose.

Mwari ane hanya newe kudarika zvaunozviita iwe. Hakuna chinganzi chakamukurira kuti atadze kutambanudzwa ruoko rwake kuti akugadzirisire kana kuti chidiki chekuti anoshaya hanya nacho. Mwari vari pedyo newe zvikuru kudarika zvaunozviita iwe. Matambudziko anosanganikwa nawo muhupenyu anogona kukonzeresa kuti ufunge kuti Mwari vari kure newe asi nzvimbo yavo haishanduke kubva kare kudzamara nekusingapere. Bhaibheri rinoti Mwari vakaverenga vhudzi rako rese.

Zvinogona kukukatyamadza nekuti iwe unenge isingaone kukosha kwekuv-
erengwa kwevhudzi. Nzwisisa kuti vara rashandiswa iri rekuti "kuverengwa" hazvireve kungoverenga kunozivikanwa. Kutu unzwisisa hudzamu hwevara iri rekuti "kuverengwa" zvinoreva "kuiswa rupawo", zvekuti muri imwe yevhudzi rako inenge iine rupawo. Ikadonha kwaunogadzirirwa bvudzi, Mwari vanoti, "muri 00024 yebvudzi yadonha", ndokukosha kwawakaita kuna Mwari.

Vakoma vangu nehandzvadzi dzangu, kana Mwari vaine hanya nezvinhu zvidiki zvakaita sebvudzi rako ko vanoita sei pabhizimusi rako, pahutano hwakop kana kuwanano yako kana kudzidzo yako? Mwari vane hanya zvakananyisisa zvekuti uchaona kuine shanduko yakuuya kwauri nezita raJesu! Ziso raMwari riri pane chese chekuita nehupenyu hwako, uye vanokuda kudarika kuzvida kwaunoita.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ziso raMwari rinogara riri pandiri nguva dzese uye kubwinya kwavo kuchaonekwa pandiri nevakawanda. Handikundikane uye handirasikirwe nechinhu nekuti Mwari vanenge varimunyaya yehupenyu hwangu mazuva ese ehupenyu hwangu. Amenii!

MAVHESI EKUVERENGA: 1 Petro 5:6

**2 Petro 1:16**

Nokuti hatina kutevera ngano dzokufungwa nenjere, nguva yatakakuzivisai simba rokuuya kwashe wedu Jesu Kristu, asi takanga tiri vanhu vakaona humambo hwake.

Kutenda kubvumakuti zvinhu izvi zviripo kana kuti ndezve chokwadi, kunyangwe uine zvaunowana pazviri kana kuti pasina. Iwe semunhukadzi kana munhurume ukatenda kuti ndozvauri panenge paita dambudziko. Hautende kuti ndozvauri nekuti unoziva kuti ndozvauri. Uneruzivo rwakanyanya pamusoro pezvaunenge uchitaura. Kutenda kunenge kuri pasi zvekuti panogona kuifita gakava kana kusatenda.

MaApostora anoti patakatevera kana kutaura nezvaJesu, hazvina kuifita senzano dzokufungwa kana kutaurwa nezvazvo chete, asi takaone nemeso edu zvichiitika. Muhushumiri hwedu

tinoona Mwari vachiita minana isati yambooneka, yekuporesa uye mari yemunana, nekumutswa kwevakafa vachidzoka kuhupenyu! Matiri hamuna chinonzi kusatenda. Tiri pachinhano chiri nani chakadarika kutenda. Chinhano chekufi ruzivo nemuzivi wacho zvoita sungano kuva chinhu chimwe chete.

Tinoshumira Mwari anoita zvishamiso zvisingaverengeke, uyo watinoziva kuti arimo matiri. Tonga munharaunda mako, wotema zvirove zvinoshandura hupenyu hwako kudzamara nekusingapere. Mwari variko uye izvi hazvisi zve manyepo kana kufungidzira. Hazvinei kuti unenge wasangana nechii muhupenyu hwako, Mwari vanoramba vari Mwari. Hukuru hwavo hwakadarika matambudziko atinosangana nawo. Vakange varipo nguva isati yavepo, uye vakakura kudarika matambudziko angu ese. Ndosaka fichimuti musharuka wakare wemazuva akare.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mwari vangu ndiMwari vanorarama, Ndinoshumira Mwari vanogona kupidigura mamiriro ehupenyu hwangu mukanguvana kadiki, uye nhasi hupenyu hwangu huri kushanduka. Amenii!

MAVHESI EKUVERENGA

Muprofito Danyero 7:22



Joere 3:10

Pfurai mapadza enyu ive minondo namapanga enyu ekuchekerera mifi ave mapfumo asina simba ngaati ndine simba simba

Wakaipa imhepo uye imhepo yakafa nekuti akakochonoka kubva kuna iye anova mupi wehupenyu. Kune zvakawanda zvisingazivikanwe newakaipa pamusoro pako, nekuti zvaanoziva ndiwe unenge wamuudza nezvazvo. Kubvira pamazuva aAdhamu kusvika pamazuva Jobho unoono kuti wakaipa anoita mazano ekutsvaga ruzivo pamusoro pemunhu. Saka, wakaipa anotoziva chete nezvekurwara kwako kana kutatarika kwaunenge uchiita kuburikidza nezvaunenge wataura iwe. Anonyora pasi zvese zvinenge zvichikutambudza nekukushungurudza. Kana kukataurwa mashoko akaipa zvakaipa anoshandisa zvinenge zvataurwa kuti azvishandise kukusikira matambudziko nazvo.

Bhaibheri rako rinoti, “asina simba ngaati ndine simba..” hatitaure zvakadaro nekuti tinenge taporeswa asi nekuti tinenge tiinekutenda muna iye mukuru wezvese Jesu Kristu. Ongorora kuti bhaibheri harina kuti panguva yaunenge wasimba ndipo paunoti ndine simba kwete. Paunenge uri mutera uchirwadziwa zvinhu zvakaite manyama amire nerongo muhupenyu hwako ndipo paunoti ndakasimba. Usamirire kuti mari uye kuti wozoti wavenayo. Gore rino remari taura kuti mari irikuuya uvhiringidze muvengi. Muvengi haakwanise kubata munhu anotaura nezvekukunda nguva dzese!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri kutema chirevo chekuti mugore rino rekurarama hupenyu hwekudenga pane rino pasi mari iri kuuya kwandiri yakawandisa ichipfachukira,ndakanyura mushoko raMwari uye kukunda muvengi ndekwangu! Hareruyah!

MAVHESI EKUVERENGA

1 Johani 4:4

**VaGaratiya 2:2**

Ndakakwira nokuda kwokuratidza ndikarondedzera pamberi pavo ivhangeri randinoparidza pakati pevahedheni asi kuna vakanga vachikudzwa voga kuti zvinhu ndirege kumhanyira pasina kana kuti zvimwe ndato mhanyira pasina.

Nyika ine zviyero zvayo zvainoshandisa zvinotevedzerwa kuti zvinzi munhu abudirira. Asi sevana vaMwari isu tinenzira yedu yatinobudirira nayo. Rangarira kuti tiri munyika ino hongu, asi, hatisi venyika ino. Pawuro anoti ndakasimudzirwa kuburikidza nekuva kwangu nechizaruro! Kuva nechizaruro kuvhurwa kwemaziso, kana kuti kubviswa kwaunenge waitwa maranga anokutadzisa kuona. Kubudirira kunounzwa nekuwana kwaunenge waita chizaruro. Kuburikidza nenyasha dzaMwari dziri pandiri ndiri munhu anoshandiswa zvikuru munyaya dzechiporofita uye mukurapa varwere, asi hazvisirizvo zvinhu zvinosimudzira hupenyu hwemunhu.

Kunzwise kwaunoita shoko raMwari ndiko kunokusimudzira muhupenyu.

Mari yaunayo, hutano hwako uye budiriro mubhizimusi rako zvinounzwa nechizaruro chaunenge uinacho maererano neshoko raMwari. Pauri kuenderera mberi uchivanehudzamu muruzivo rweshoko raMwari kubvira nhasi, chiyedza chirikuuyawo kwauri, uye unokunda. Saka chizvipira kugara uchiverenga nekufunga pamusoro peshoko raMwari, rinova chiporofita chakasimba, hupenyu hwako hunotoshanduka chete! Shoko raMwari ndiro rinounza budiriro muhupenyu.

Paurikuverenga shoko rechiporofita iri, ndirikuona chiyedza chichipenya pamari yako, mubhizimusi rako, hutano hwako nemubato wako wemaoko. Uchaona zvichaunzwa neshoko iri muhupenyu hwako uhwo huchange huri chapupu nezita raJesu!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Shoko raMwari rakandikwanira, uye rinesimba rekushandura hupenyu hwangu kudarika zvese. Ndirikuzvipira pakuverenga shoko raMwari, uye ndirikudzoka ndichipupura chete.

MAVHESI EKUVERENGA

2 Petro 1:3



2 VaKorinde 5:20

Nokuti isu tose tinofanira kuratidza pamberi pechigaro chekutonga chaKristu kuti mumwe nomumwe apiwe zvaakaita nomuviri sezvaakaita kana zvakanaka kana zvakaipa.

Mumiriri weimwe nyika mune imwe anenge atumirwa nyika yeke kune imwe kuti anoimirira. Anwana chouriri chake kubva kunyika yake kwaanenge abva. Semuenzaniso mumiriri weAmerica kunyika yeSouth Africa haana chinomukanganisa kana mamiriro ezvehupfumi muSouth Africa akadonha nekuti chouriri chake chinenge chichibva kunyika kwaanenge abva. Ndopa mumwe muenzaniso zvakare wekuti nzvimbo inogara mumiriri weAmerica munyika yako, wakatoita kunge kuAmerica kwacho nekuti un-

enge uchisungirwa kuti utevedzere zvinoitwa kuAmerica kana ukapinda munzvimbo iyi.

Chimbomira wakadaro. Bhaibheri rinotitsanangura sevamiriri vaKristu pane rino pasi, zvichireva kuti tiri vamiriri vaMwari pane rino pasi. Saka hatina chatinoshaya nekuti tinobva kudenga uko kusina chinoshaikwa ikoko uye kusina hurombe. Tinorarama hupenyu hwedenga pane rino pasi nekuti kwatinobva hakuna chinopera. Saka nyatsogadzikana hako uteme chirevo chekuti uchararama hupenyu hwedenga pane rino pasi, sezvo uri mumiriri waJesu Kristu!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri mumiriri waJesu Kristu pane rino pasi, uye handishaye zvinhu zvakanaka muhupenyu hwangu. Hurombo hausi chikamu chehupenyu hwangu nezita raJesu. Amenii!

MAVHESI EKUVERENGA

Johani 1:12-13



Muprofita Jeremiya 1:4-5

Zvino shoko raJehovha rakauya kwandiri richiti ndakakuziva ndisati ndakuumba mudumbu raamai ndakakukudza ndakakuita mutsvene usati wabuda muchizaruro chaamai, ndakakugadzira kuti uve muprofita wamarudzi avanhu.

MaKristu akawanda anofunga kuti anoziva zvinorehwa nevhesi redu ranhasi, asi Havana chizaruro chakakwana pamusoro pezviri mariri. Chinokushandura hakusi kuramba uchidzokorora kutaura vhesi asi kuwana chizaruro chakakwana pamusoro paro uye nekutora matanho kuburikidza nezvarinenge rataura. Kuzarurirwa kwako pamusoro pezvinoreva vhesi ndiko kunokukusimudzira. Saka kubudirira kwako kunoenderana nechizaruro chaunenge wawana pamusoro peshoko.

Ishe vakaudza MuProfita Jeremiya kuti, "...ndakakuziva ndisati ndakuumba mudumbu raamai". Vara rekuti "ndakakuziva" rinonzi "Yada" nechiiHebheru zvichireva kuva neruzivo rwakadzama. Zvakafanana nekuti Mwari vakambozivana naJeremiya asati atomboubmbwa mudumbu raamai vake.

Vakoma vangu nehandzvadzi dzangu, musati mauya pane rino pasi, pane kwamakange muchigara. Mwari vanokuziva zvauri kudarika chero upi munhu angayedza kukuwisira pasi. Une nhoroondo yekukunda yakachengetwa naiye akakuziva usati wazivikanwa neshamwari, mudzidzisi wako kana mufundisi wako, chero naani zvake. Mwari vakakuumba nenzira inokukonzeresisa kuti ugobudirira uye kuti upfume, zvekuti haambofa akabvumira chero ani zvake kuti akuwisire pasi. Uri mhitsa iwe, uye unozunza nyika.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

I am born of God, and nothing shall hinder my progress in this life. I was born to dominate and subdue kingdoms in the name of Jesus.

MAVHESI EKUVERENGA: Psalms 23:1-2

**VaRoma 8:37**

Kwete, pazvinhu izvi zvese tiri vakundi nekupfuisa kunai ye wakatida.

Vara rekuti uyo anorwa nemunamato, rinopihwa avo vanomira pamukana vachinamata, zvekuti zvinoita kunge kunamata ihondo, uye kuti vanhu vane zvanogara vachirwa nazvo nguva dzese kana kuti vanenge vaine wavanenge vachirwisana naye uyo enenge akasimbawo. Vhesi redu ranhasi rinoti tiri vakundi nekupfuisa, zvichireva kuti kana urimukundi nekupfuisa, unenge wadarika chiyero chekurwa watokunda kare. Vanonzi vakundi ndeavo vanenge vatokunda kare, uye vanenge vagara zvavo vazorora vachidya zviwanikwa zvinenge zbabva mukurwa kwavanenge vaita.

Rangarira kuti wakaipa akakundwa kare uye kana fichinamata tinenge fichingosimbisa kukunda kwatakaita kare kuburikidza nalshe Jesu Kristu. Urikuntsana nemuvengi akakundwa kare, saka hapana hondo iripo apa, chingotema zvirango zvakatemerwa muvengi zviuru zvemakore akapfuisa naJesu Kristu. Usabvumira pfungwa dzako kuti dzifunge kuti wakaipa ane hukuru hwaainahwo kwete. Tonga munharaunda yako, wotema chirevo chekuti nharaunda yako nezvese zvehupenyu hwako zvinogara zvakachengetedzwa nedenga, uye kuti hapana chinokukunda nekuti uridenga riri pane rino pasi, Hareruyah!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirimukundi nekupfuisa, kukunda ndekwangu nguva dzese. Ndinoraira kukunda kwangu pamusoro pezvese zvandinobata uye gore rino ndichararama hupenyu hwedenga pane rino pasi nezita raJesu.

MAVHESI EKUVERENGA

VaEfesu 1:22

**VaEfesu 5:30**

Nokuti isu tiri mitezo yemuiri wake nen-yama yake neyemapfupa ake.

MaKristu akawanda achirikungofunga nanhsi kuti anotungamirirwa naMwari. Zvinoita kunge unenge uripamweya kana uchiti urikutungamirirwa naMwari, asi ndomanzwisirwo ekutanga ezvinenge zvichitaurwa nebhaibheri pamusoro pehukama hwedu naMwari. Vhesi redu ranhasi rrikutiudza kuti tiri mitezo yemuviri wake, uye kuti tiri mapfupa nenyama yake. Unoziva here kuti izvi zvinorevei? Hatichatungamirirwa naKristu, asikuti tave mubatanidzwa wake. Haasi kukutungamirira, asi kuti arimauri. Paanofamba newewo unofamba. Mazuva aye aaimbokutungamirira akapfura kare nekuti paanofamba iye zvino newewo unopafamba

naye.

Nyatsonzwisisa zvandataura izvi izvo zvicaita kuti utonge munharaunda yako. Hakuna chakakura kudarika iye, uye zvimhingamupinyi zvese zvaunenge wakaisirwa pamberi pako hazvina nebase rese kana uri muna Kristu iyewo arimauri. Tarisa zvese zvakakukomberedza nekunzwisisa kwekuti urimubatanidzwa waKristu. Muna Jesu Kristu, ndimo maunogara uchifamba uchirarama uri. Taura hupenyu pane chese chehupenyu hwako chisiri kufamba, unoona paine shanduko inenge yakutoitika. Rurimi rwako, nderwa Kristu, saka taura hupenyu nezita raJesu!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri mubatanidzwa waJesu Kristu, uye rurimi rwangu rwunopa hupenyu. Ndinotema chirevo chekuti pave nerudo, runyararo, nehupfumi munzvimbo dzese dzehupenyu hwangu nezita raJesu. Amenii!

MAVHESI EKUVERENGA

Mabasa AvaApostora 17:28

**1 VaKorinde 13:12**

Nokuti zvino ndinoona pachioni oni tisingaoni kwazvo asi nenguva iyo ti-chaona nezviso zvakatarisana, zvino ndinoziva zvisakakwana, asi nenguva iyo ndichaziva sezvandakazikanwa neniwo.

Simba munyika remweya rinobva murwuzivo rwaunenge uinarwo maererano nemashandiro anoita nyika iyi. Nzwisisa kuti vatongi vedzimhosva nevachengetedzi vemutemo vanoita basa ravo vachishandisa simba ravakapihwa nehurumende. Simba ravo rinobva musimba ravanenge vapihwawo nev-anenge varikumusoro kwavo. Unogoo-na kuona munhu aine mumhu mudiki achikuudza zvekuita. Simba rekukuudza zvekuita rinenge rabva kune avo vanenge vamutuma.

Bhaibheri harisi nhoroondo yezvaMwari kana kuti bhukuwo zvaro rinengano pamusoro pemabasa aMwari kwete, chioni oni chekuti uzvitarise nacho kusvikira wave kuziva Mwari nemaziviro avanokuita. Mwari vanoona mhare mauri, mudariki wemiganhu, vanoona chishamiso mauri! Kunyangwe wasvika panguva yakaomesesa yehupenyu hwako, Mwari vanokuona uri muunzi wechiyedza, uri simba risingajairike. Ndinoda kuti uzive kuti uri ani kubvira nhasi kuburikidza nekuzvitarisa uchizviona zvauri muchioni oni cheshoko ravo.

Mwari vakandiudza kuti gore rino igore rekurarama hupenyu hwekudenga pane rino pasi. Tenda Mwari nekuti ndiwe unebasa rekuunza denga pane rino pasi, ndizvo zvauri!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri mumiriri wedenga pane rino pasi uye hupenyu hwangu hunomirira mweya mutsvene. Handishaye chakanaka. Ndi-chararama kwemakore akawanda kuti ndipupure pamusoro pekunaka kwaMwari!

MAVHESI EKUVERENGA

2 Petro 3:18

**Johani 7:38**

Uyo anotenda kwandiri sezvakarehwa nerugwaro nzizi dzemvura mhenyu dzichaerera dzichibva mukati make.

Rubatsiro rwekugadzirisirwa zviri kuku-
netsa rwauri kutsvaga rwurimo mauri.
Unogona kunge uchindibvunza kuti,
"nhai munhu waMwari, saka mati basa,
hutano, kana kuti visa randiri kutsvaga
zviri mandiri .."Hongu ndizvozo chaiz-
vo!! Bhaibheri rinoti mukati mahuchay-
erera nzizi dzemvura mhenyu, kwete
rwizi rwumwe chete asi nzizi. Rwizi
urwu harwusi kubva kudenga kwete.
Kunyangwe ukanamata uchidaidzira,
rwunenge rwuchibuda kubva mauri.
Kristu ari mauri itariro yekubwinya nez-
vese zvanga zvichikushayisa hope. Ziva
kuti mhinduro yezvese iri mukati mako!

Rangarira kuti, Adhamu akange ari tsvimborume, agere zvake mubindu remiti asi akange akatakura Evha mukati make. Mwari vakashandisa zvakange zviri mukati make kuti vamugadzirire Evha, Havana chimwe chavakashandisa chakange chisiri maari. Mukati mako mune mhinduro dzinogadzirisa hupenyu hwako nekuti Kristu ari mauri. Taura hupenyu uchaona nzizi dzemvura mhenyu dzichiyerera mukati mehushumiri hwako, mubhizimusi rako, muwanano yako, mudzidzo yako, nezvese zvehupenyu hwako! Uri mutakuri weruponeso kune chese chinokutambudza, uye pauri kuverenga chiporofita chanhasi, Mweya Mutvene ari kukubatsira kuti uwane zvese zvinogadzirisa zvanga zvichikutambudza . Ipa hupenyu kune chese chehupenyu hwako kuburikidza nemazwi aunotaura nezvirevo zvaunotema.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri dura rekugadzirisa zvinonetsa muhupenyu. Kristu ari mandiri itariro yekubwinya. Ndiri kutema zvirevo zvinogadzirisa zvese zvehupenyu hwangu nezita raJesu Amenii!

MAVHESI EKUVERENGA

VaKorose 1:27

**MuProfita Isaya 12:3**

Saka muchachera mvura nomufaro pamatsime eruponeso.

Kupererwa zvinoreva kushaya chinhu kana kushomekerwa nechinhu chinenge chichidikanwa. Zvinogona kunge zviru zvepanyama, zvekurama nazvo kana kuti zviru maererano nehutano. Kana kupererwa kukaitika mumunhu, zvinokonzeresa zvirwere kana kufa kwake. Munhu wako wemweya anogona kusangana nedambudziko rakaita seiri kana asinga pihwe zvekudya zvaanopihwa naMwari. Ruponeso kudya kwepamweya kune aveze zvinodikanwa kuti munhu ararama hupenyu hwakanaka. Rwune zvese zvinodikanwa muhupenyu hwako. Ruponeso rwako rwunokuwanisa mari, hutano hwakanaka nezvimwewo

zvinodikanwa muhupenyu hwako.

MuProfita Isaya vari kuti muchachera mvura "pamatsime " oruponeso. Bhaibheri harisi kutaura nezve tsime rimwe chete asi kuti "matsime" anenge akawanda. Zvichireva kuti kunenge kuine tsime remari, rehutano hwakanaka, rehuchenjeri, nezvimwe zvese. Pauri kuvherenga bhaibheri, ipa nguva kuzvikamo zvese zvehupenyu hwako. Zvakare simudzira zvese zvehupenyu hwako pamweya. Hapana chaunoshaya muhupenyu hwako. Nyika ichaona kubwinya kuri muhupenyu hwako.

Pauri kuverenga chiporofita chanhasi, wanawo nguva yekuverenga shoko raMwari, namata uchitema zviwevo maererano nezvehupenyu hwako hwese. Unonyatsoziva pawakasaririra muhupenyu, ino ndiyo nguva yekuti uchisimudzira chikamu chese chehupenyu hwako kuburikidza nekuchiunzira ruponeso.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ruponeso nderwangu uye nhasi ndiri kutema chirevo chekuti ndakasunungurwa munzvimbo dzese dzehupemyu hwanagu nezita raJesusu. Mari, hutano, hupenyu hwakareba nesimba ndezvangu gore rino nezita raJesusu!

MAVHESI EKUVERENGA: 2 VaKorinde 5:17

**Mateo 13:58**

Akasaita mabasa esimba mazhinji ipapo nekusatenda kwavo.

Tsika kutenda nemaitirwo anoitwa zvinhu mukurarama uye dzinotevedzerwa kubva pane rimwe dzinza zvichienda kune rimwe dzinza. Vanhu vese vane tsika dzavanotevedzera dzemudzinda ravanobva, dzimwe dzakaipa, dzimwe dzakanaka uye ndidzo dzinovaka hunhu hwedu. Tsika dzine simba pakuumba hunhu nemaramiro emunhu, zvekuti dzinogona kuvaka kana kuparadza hupenyu hwake zvichienderana nekuti dzinenge dzakaita sei. Bhaibheri rinoti Jesu akatadza kuita minana yakakura paakaenda munzvimbo yaakaberekerwa. Ongorora kuti bhaibheri harisi kuti haana kuita minana kwete, ririkuti akatadza kuita, zvichireva kuti akaedza akatadza. Kunyangwe akange ari

Mwari akange aripanyama, kune zvaakatadza kuita nekuda kwetsika dzaitvedzerwa munzvimbo iyi. Vekwaakaberekerwa vakatadzisa shoko raMwari kuti rishande nekuda kwetsika dzavaitenda madziri.

Nhasi izuva idzva; yave nguva yekusiyana netsika dzisingaunze zvakanaka. Iye zvino wave kunzwisira kuti pfuma nesimba ndezvako. Tenda mune zvese zvinotaurwa naMwari usinganyunyuti kana nepadiki zvapo. Kana vakati mari irikuuya, chokwadi ndechekuti irikuuya. Hazvineyi nekwawakaberekerwa, asi zvine chekuita nekwaori kuenda. Urikuenda kure nehupenyu zvisina nharo, zvekuti kana vachifunga kuti pane makore ausingadarike ekuberekwa, iwe vazivise kuti uchararama kwemakore akareba kuti upupure nezvekunaka kwaMwari. Mhuri yako ngaive nemaramiro netsika dzitsva, dzisingaunze kukundikana nekuswa pamuganhu. Sika tsika itsva dzemumhuri yako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri kuparadza tsika dzese dzisingaunze zvakanaka dzanga dziri mumhuri mangu. Ini nemhuri yangu takaropafadzwa zvisina magumo uye tichararama tichiwana zvawanda mazuva ehupenyu hwedu hwese. Amenii!

MAVHESI EKUVERENGA: Mapisarema 100:5

**Johani 6:63**

Mweya ndiye unoruramisa, nyama haina maturo, mashoko andakataura kwamuri ndiwo mweya nohupenyu.

Pese paunotaura mashoko rangarira kuti haasi mazwi chete anenge achibuda mumukanwa mako achingoenda nemhepo. Mashoko aunotaura anesimba rekuvaka hupenyu hwako mune zvakanaka kana zvakaipa. Uri zvauri nhasi kuburikidza nemashoko awakataura iwe kana kuti akataurwa nemumwe munhu pamusoro pako. Chiita kuti mashoko aunotaura abhadhare kuburikidza nekuisa kwako chiyero pamusoro pawo. Izvi hazvineyi nezvaurikunzwa parizvino; nyaya iripo ndeyekugadzirisa chese chehupenyu hwako kuburikidza nemashoko aucta- taura pamusoro pehupenyu hwa-

ko. Vamwe vane tsika yekutaura zvakanaka chete kana vaine mari muhomwe dzavo kana kuti kaba paine zvakanaka zvinenge zvichiitika muhupenyu hwavo. Asi kunyangwe wakaomerwa sei zvinhu zvakaita manyama amire nerongo usambofa wakabvumira zvakaipa kuti zvibude mumukanwa mako!

Jesu akati mashoko aanotaura mweya uye hupenyu. Muri mitezo yemuviri wake, uye shoko rega rega ramunotaura mweya uye hupenyu. Kana mashoko aine hupenyu zvinoreva kuti haafe. Ukataura kuti waka bhuroka, "kubhuroka" kunotsvaga mukana wekuuya kwauri kuzokutorera mari. Ukataura kuti urikubudirira "kubudirira" kunokutsvaga kuitira kuti upfume nekuwedzerwa pane zvauinazvo. Chinja matauriro aunaita kubvira nhasi, pauri kuverenga chiporofita ichi. Taura mashoko akana- ka pamusoro pehupenyu hwako gore rino ugoona kubwinya kwaMwari mune zvese zvehupenyu hwako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri kutaura rugare, hupfumi, runyararo nesimba pane zvese zvehupenyu hwangu. Nhau dzakanaka nenyasha zvichanditevera mazuva ehupenyu hwangu hwese nezita raJesu.

MAVHESI EKUVERENGA

Zvirevo 18:21

**VaRoma 5:17**

Nokuti kana nokudarika komumwe rufu rwakabata hushe nomunhu uyu mumwe, zvikuru avo vakapihwa kuwanda kwenyasha nokwechipo chokururama, vachabata hushe pahupenyu nomumwe iye Jesu Kristu.

Panongotaurwa nyaya yekururam, maKristu akawand aanotanga kufunga pamusoro pekuti vangaite chii kuti vave vakarurama pamberi paMwari, uye kuti voita sei kuti vave vatsvene pamberi pake. Bhaibheri rinotsanangura kururama se"chipo" of chekururama. Unoziva here kuti chipo zvinorevei? Chipo chinhu chaunowaniswa chaunenge usina kushandira kutio uchiwane. Saka kwandiri newe kururama hachisi chinhu chatingashandire kuti tichiwane asi kuti chipo chatinowan-

na kubva kuna ishewedu Jesu Kristu. Hapana kugona kwatingaite kuti tichiwane chipo ichi chinongopihwa kwatiri naMwari.

Wakaipa ngaarege kukunyepera kuti pane zvaunogona kuita kuti uvemunhu akarurama kuburikidza nebasa raungaite. Hazvisi mukuitwa kwemabasa kuti zvinzi munhu akarurama asi kuti kunounzwa nekutenda kwako muna Mwari mumabasa avo avakapedza kuita. Kana Mwari vachikutarisa izvezvi, vanokutarisa kuburikidza nekururama kwaishe Jesu Kristu. Mabasa ako haanei nekuwaniswa kwako kururama, zvese ndezvashe, kwako kungotambira chipo ichi kubva kwavari.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinekururama kwaJesu Kristu uye ndinodiswiwa naMwari. Ndi-cha rarama kuti ndione maropafadzo avo muhupenyu hwangu nezita raJesu. Amen!

MAVHESI EKUVERENGA

Tito 3:5

**Mateo 28:19-20**

Endai naizvozvo mudzidzise marudzi ose muvabhabhatidze muzita raBaba nero Mwanakomana nero Mweya Mutsvene:

Kana tave kutaura pamusoro penhau dzemitambo unoona kuti kune vanotambira mumusha mavo kozouya kunedzimwe nyika, kwozoti kune avo vanonzi imhare dzepasi rese. Vamwe vadiki zvikuru zvekuti vaningova nembiri mumisha yavakakurira, hakuna kumwe kwavanozivikanwa. Izvezi pauri kuverenga rugwaro rwuno urikutozviona chinzvimbo chako pachauri. Vhesi redu ranhasi ririkutiudza zvekuita tese kwete kuti ibasa revadzidzi, vashumiri asi tese! Ini newe takatumwa kuti titendeutse vanhu pasi rese.

Mamwe mabhaibheri anoti, "enda uite pasi rese rive vadzidzi,"zvichireva kuti mufungo waMwari kuti utendeutse nyika yese. Unogona kutarisa kuCanada, Lesotho, Dubai, nedzimwewo nyika, uchidziona sechikwata chako chaunofanirwa kutendeutisa. Chinzvimbo chako ndechekutendeutisa pasi rese kwete vanhu vaari munharaunda yako chete! Shandura mafungiro ako, apo urikuverenga mashoko arimuchiporofita chanhasi.

Usazviisire muganhu wekuti ugumire munzvimbo yauri, pauri kuparidza shoko. Funga saMwari nguva dzese. Utori mhare nechekudhara, ye unotonga matunhu! Nyika yakakumirira uye nguva yacho yekutonga yakwana. Kubvira pauri ipapo uchienda kuhushumiri nekubhizimusi rako enda unotonga matunhu nezita raJesus!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakadaidzirwa kunyika dzakawanda uye ndagadzirira kutonga matunhu. Ndirikutema chirevo chekuti hakuna chinokona kwandiri nezita raJesus. Amen!

MAVHESI EKUVERENGA

MuProfitaJeremiya 1:1-7

**VaHebheru 11:33**

Avo vakakunda hushe nokutenda kwavo vakaita zvakarurama, vakapihwa zvipikirwa vakadzivirira miromo yeshumba.

Paunosvika kune nhengo dzeuto, unoonona kuine maboka akasiyana zvi-chienderana nehukuru hwezvinzvimbo zvao. Mauto ese anenge akapfeka nguwo dzekurwa, asi vanenge varimupapoka, vamwe vachibika, vamwe vachisona. Asi kune boka rakasanangurwa reuto, uye aya mauto anotungamidzwa panguva yehondo. Ndivo vanosanganidzana nepfuti dzinenge dzichiridzwa nemuvengi sezvo varindivo venenge vachirwa vari pamberi. Ndizvo zvimwe chete nemaKristu nemasangano echitendero, kune vamwe vanenge varinhengo dzeuto asi

vakahwanda kukamba yemauto uye kune vamwe vakazvipira kuenda kumberi kuitira kushandura mamiriro ezvinhu munyika!

Vhesi redu ranhasi rikutaura pamusoro pemagamba ekutenda. Idzi ndidzo mhare dzakange dzakazvipira kuenda kumberi pakurwira chitendero. Apo shumba nekurwiswa zvakavawira, vakazvipira kurwa kuitira kuti chitendero chienda mberi. Ramba kungomira nje usingarwire chitendero chako, rwisa umirire chiKristu nguva dzese! Inguva yako yekusimuka sewuto rinenge riri kumberi, upinde mumigwagwa uchi-paridza shoko raMwari. Shandisa chipo chako kuitira kusimudzira hushe hwaMwari. Ndinokukurudzira kuti uite sarudzo nhasi yekurwira hushe hwaMwariseuto rinenge ririkumberi.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Hushe hwaMwari ndehwe avo vakazvipira kuti varwe, uye ndinosarudza kuva chikamu cheavo vanenge vari pamberi vachiparidza shoko raMwari. Nyasha dzaMwari dzakandiwandira kuti ndikwanise kuita basa iri nemazvo nezita raJesu. Amenii!

MAVHESI EKUVERENGA: Mateo 11:12

**1 VaKorinde 3:21**

Naizvozvo ngakurege kuva nomunhu anovimba navanhu. Nokuti zvinhu zvese ndezvenyu;

Kazhinji kacho muhupenyu hwedu tinotenda kuti tinobudirira kuburikidza neavo vanenge vaine zvinzvimbo zvepamusoro vatinenge takaita hoche koche navo, kana kuti kuburikidza nekudzidza kwedu. MuApostora Pawuro varikutsindidza kuti usavimbe nemunhu. Zvinoreva kuti usavimbe nemunhu nekuti Mwari ndivo muridzi wezvese, uye isu tirimavari saka zvese ndezvedu. MuApostora Pawuro vanoti, "zvese ndezvenyu". Shoko harisi kuti zvimwe zvinhu ndezvenyu kwete, asi kuti ndezvenyu! Kusimudzirwa kwaurikuda pabasa ndekwako. Chinzvimbo chauri kuchemera kuva nacho, nde-

chako! Mwari vakatipa zvese zvinoita kuti firarame hupenyu hwakanaka hune zvese zvakanaka.

Zvinhu zvese ndezvako. Chako kungozvitsvaga taura pamusoro pazvo wozvitora! Wakagadzirwa kurarama hupenyu hwedenga panerino pasi, hupenyu husina chaunoshaya. Baba vako vekudenga vanemombe pazviuru zvepakompo. Vakasika matombo ese akakosha usati wauya pane rino pasi. Wakaberekerwa muimba yehumambo; saka haushaye zvakanaka nezita raJesu!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakaberekwa newekumudenga uye zvese ndazvangu. Hurombo hachisi chikamu chehupenyu hwangu. Handina chakanaka chandinoshaya muhupenyu hwangu nezita raJesu. Ndicharama hupenyu hwedenga panerinpasi!

MAVHESI EKUVERENGA

Mapisarema 50:1-14

**Ruka 1:37****Nokuti kuna Mwari hakuna chinokona.**

Paunotambira Jesu Kristu satenzi nemuponesiwehupenyu hwako, wowana zvakare ruzivo rwakakwana rwezvaanokuitira, panekusimudzirwa kwaunoitwa munyika yemweya. Nzvimbo yekusimudzirwa iyi inzvimbo yekuti "hakuna chinokona kwauri, kana chaunoshaya". Bhaibheri rinoti kuna Mwari hakuna chinokona, zvichireva kuti kana uina Kristu mauri, unorarama hupenyu hunoitika chaunoda pasina magumo. Hupenyu hwako hunofanira kuva hwedenga panerino pasi nekuti unemusiki mukati mako uye kwaari hakuna chinokona!

Paurikuverenga shoko ranhasi, urikundeswa panzvimbo yekuti hakuna chinokona kwauri. Dzokera zvakare wonoedza kuita zvawakambotadza kuita, kana chinhu chakambenge chakakurisa kuti uchiite kana kuwana, uchadzoka uchipupura, nekuti Mwari vanewe. Rangarira kuti urimutezo wemuviri waJesu Kristu, sezvazvakanyorwa mushoko raMwari. Kana pakange pasina chakamisa Jesu, iwe hauna chinokumisawo. Ndirikutema chirevo chekuti kubvira izvezvi, hapana chichamira pamberi pako kana kukanganisa budiriro yako kana kunonotsa budiriro yako nezita raJesu!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri mukundi uye hakuna chinokona kwandiri. Kristu mandiri itariro yekubwinya. Ndicharama hupenyu hwedenga panerino pasi nezita raJesu. Amenii!

MAVHESI EKUVERENGA

VaFiripi 4:11-13

**2 Petro 1:12**

Saka handingaregi kukuyeuchidzayi zvinhu izvi nguva dzose, kunyangwe muchiziva henyu uye makasimba pazvokwadi yamuinayo.

Nyika yeMweya uye kuwanikwa kwezvizaruro hazvisi kumira, zvirikuenderera mberi zvichikura uye zvichishanduka. Kunyangwe uine ruzivo rwakati kuti maererano naMwari, gara wakagadzirira kuti kunogona kuva neshanduko apo panodururwa rumwe ruzivo kubva kumusoro kwavari. Ukagara uripanzvimbo imwe chete, uine ruzivo rwakare unenge wangofanana nemunhu anyura mumadhaka.

Vhesi redu ranhasi ririkutiyeuchidza kuti tirambe takasimba pachokwadi chatiinacho. Ongorora kuti kana paine

chokwadi chiripo chanhasi, zvinoreva kuti kune chakare nechemangwana. Zvimwe zvizaruro zvirikushandiswa nekereke nhasi ndezvekare, asi iye zvino tave kuziva kuti maari ndimo matinogara kufamba uye kurarama tiri, zvichireva kuti kare minana yayitwa naMwari asi iye zvino ndisu tave kuitwa. Tiri vashandi veminana!

Kristu arikuita zvese ari matiri, kwete kutiitira. Ichi ndichochochwadi chiripo chanhasi, vakoma vangu nehandzvadzi dzangu! Hareruyah! Patirikuverenga shoko raMwari, tinenge tichisimbisa hukama hwedu naMwari, kuburikidza nekunamata nekutenda, tinowana zvekudya kubva kudenga. Patinenge tichinamata ivo Mwari vanenge vachidurura ruzivo rwutsva rwuri maererano nehwaro hwehupenyu hwako, zvekuti unoziva ipapo ipapo zvavanenge vachironga nekuda pamusoro pako kudarika bepanhau ramangwana!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Kuburikidza neshoko raMwari, ndave kuziva chokwadi chezvirikudiwa naMwari parizvino. Ndinobudirira chete nekuti ndirikugara ndichitevedza zvirikudiwa naMwari pamusoro pehupenyu hwangu panguva ino. Amen!

MAVHESI EKUVERENGA: 2 VaKorinde 5:7

**Ruka 18:1**

**Zvino wakavaudza mufananidzo wo-
kuti vanofanira kunyengetera nguva
dzose vasingarashi moyo;**

Bhaibheri rinoti Mwari havakotsire ha-
vatsumwaire. Kugona kwavo kusa-
koptsira kana kutsumwaira kunosham-
isa. Zvimoreva kuti Mwari Havana zuva
ravanoti nezuro kana kuti mwangwana
nekuti havakotsire. Vanogara vakasvin-
ura vachishanda kuti zvikunakire!

Vhesi redu rinotiratidza kuti tinokwan-
isa kutevedzera zvinoitwa naMwari,
kugoneswa kugara tichinyengetera
nguva dzese tisingarasi mwoyo yedu.
Vakati nyengetera uye usarase mwoyo
zvichi reva kuti paunomira kunyenget-
era unenge wave kurasa mwoyo.
Kutadza kufamba kwezvinhu muhu-

penyu hwako kunokonzereswa nekusanyengetera. Ndiri kukukurudzira
kuti kubvira nhasi uite sarudzo yekugara uchinyengetera nguva dzese
zvausati wamboita. Unogona kuita maminiti mashona uchitaura naM-
wari, asi hapana munyengetero unowira pasi. Munamoto unopa hu-
penyu, uye simba rekutonga munzvimbo dzese dzehupenyu hwako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Minyengetero yangu haywire pasi. Saka ndirikuzvipira kugara
ndichinyengetera, nekuverenga shoko raMwari mugore rino
rekurarama hupenyu hwedenga pane rino pasi. Ndirikudzoka
ndichipupura nezita raJesu!**

MAVHESI EKUVERENGA

1 VaTesaronika 5:16-18

**1 VaKorinde 15:33**

**Musanyengerwa, hushamwari hwakai-
pa hunoodza tsika dzakanaka.**

Ndinowanzoudza vanhu kuti ukandi-
ratidza shamwari dzako ndinokuratidza
kuti remangwana rako rinenge rakaita
sei. Handitomboporofita, aiwa, ndikan-
goona chete vaunoswera navo ndi-
nobva ndaziva kunenge kwakanan-
ga hupenyu hwako. Vanhu vanenge
vakakomberedza, vanounza ku-
simudzirwa muhupenyu hwako kana
kuti kudonha kwako. Bhaibheri rinoti
hushamwari hwakai-pa hunoodza tsika
dzakanaka, kana kuti vanhu vaunog-
ara navo vane simba rekukuparadza
kana kukusimudzira muhupenyu.

Ndirikukukurudzira kuti uwane nguva
yekuongorora zvakakomberedza.

Kana paine vanhu vasirikuwedzera chinhu chakanaka muhupenyu
hwako, hauna chikonzero chekuvachengete muhupenyu hwako.
Chengeta avo chete vanosimudzira hupenyu hwako, vanoita kuti
usimudzirwe. Ndiwe unogona kugadzirisa zvinenge zvichikunetsa
kuburikidza nekubvisa kwako twumbuyu twese twunenge twuchisveta
ropa rako! Ongorora mazita evanhu varimufoni yako, uchaona zvaka-
kare kuti panenge paine vamwe vasirikukubatsira murwendo rwako
rwemuKristu, vasina chavari kuunza kubhizimusi rako chero chipiwoz-
vacho chinosisimudzira hupenyu hwako. Yave nguva yekuti udzure vese
vasingakubatsire, wotanga kuvaka hukama nevamwe vanehanya
nekusimudzira hushe hwedenga.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndiri kudzura zvese nevese vasirikundibatsira muhupenyu
hwangu, uye huchenjeri hwaMwari huchandibatsira kuti ndi-
umbe humwe hukama nehushamwari hunobhadhara. Hoche
koche dzandave kuita zvino, dzichabatsira kusimudzira hushe
hwaMwari. Amen!**

MAVHESI EKUVERENGA

Zvirevo 4:23

**Ekisodho 14:15**

Zvino Jehovha akati kuna Mozisi Unodanidzireiko kwandiri? Udza vana valsraeri kuti vapfuurire mberi:

Vana valsraeri vakasangana nedambudziko rakakurisisa pavakange vavekuda kusiya joko rehuranda munyika yeljipita. Faro paakavaregedza kuti vachiyenda akasara akachinja pfungwa yake akabatevera. Ndomaitiro emuvengi iwayo. Nazvino vana valsraeri vakazviwana vavepakati pegungwa rakanga riine huturu ukuwo kumashure kwavo kuine hondo yema llijipita yaivatevera iine hashadzakawanda. Muporofita Mozisi vakafunga kuchema kuna Mwari, asi zvaiita sekunge Mwari vacho vakange vasina hanya nekuteerera muProfita mukuru uyu. Vakangopa mhinduro nyoro vakati,

“Usacheme kwandiri, udza vana valsraeri kuti vapfuurire mberi”.

Nhasi uno pauri kuvernga shoko raMwari iri, tora matanho ekuzadzikisa zvinangwa zvako. Unogona kuona kunge pane chirikukwikwidzana newe kana kukurambidza, asi pfuurira mberi uchizadzikisa zvinangwa zvako. Uchaona Mwari vachikukundisa, sezvavakaita vana valsraeri vave pahungwa dzvuku. Bhizimusi iro rawanga usisina zano rekuti wopfuurira mberi sei naro uchaona rave kushanduka rave kukushandira ukapfuurira mberi naro! Fora uchipfuurira mberi, uchasangana nemunana woona zvave kukushandira. Hareruyah!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Gore rino hapana chinondimisa nekuti nyasha dzaMwari dzakandiwandira kuti ndibudirire pane chese chandiri kuda kuita. Ndiri kupinda mune dzimwe nharaunda nezita raJesu. Amen!

MAVHESI EKUVERENGA

VaFiriipi 4:11

**Ekisodho 13:21**

Jehovha akavatungamirira masikati neshongwe yegore rokuvaparekedza panzira, usiku neshongwe yomoto yokuvavhenekera, kufi vafambe masikati nousiku:

Bhaibheri rinoti vana valsraeri pavakabuda muljipiti, Mwari akavatungamirira neshongwe yemoto husiku uye neshongwe yegore masikati. Mwari akavagadzirira mamiro ekunze aivachengetedza kubva kuhukasha hwemamiro ekunze, anowanikwa mugwenga. Gwenga inzvimbo ine mamiriri ekunze asina kunaka; kunotonhora zvikuru husiku, kuchipisa zvakanyanyisa masikati. Nekuti Mwari vaiziva mamiro ekunze aya vakagadzirira vana valsraeri mamiro ekunze akange akasiyana neaitika kune vamwewo vanhu vakange vasiri verudzi urwu.

wewo vanhu vakange vasiri verudzi urwu.

Pauri kuverenga nekufunga pamusoro peshoko raMwari, Mwari varikukusikira mamiro ako ekunze akasiyana neeveruzhinji. Vamwe pavanenge vachiti varikudonha, iwe unenge uchivaudza kuti uri kusimudzirwa. Rangarira nguva dzese kuti uri mumiriri wedenga pane rino pasi; zvese zvinodiwa pakurarama kwako zvinobva kudenga. Hapana chekutya pane rino pasi, nekuti hatisi venyika ino. Mamiro edu ekunze ndeekudenga. Tinorarama hupenyu hwedenga pane rino pasi, uye vese vanopinda munharaunda yedu, vanowanawo vavekunzwa hupenyu hwedenga pavari.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinorarama hupenyu hwedenga pane rino pasi uye ndiri mumiriri waKristu pano. Nyasha dzaMwari dzakandiwandira nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

Jobho 22:29

**2 VaKorinde 5:17**

Saka kana munhu ari muna Kristu, wava chisikwa chitsva, zvinhu zvakare zvapduura, tarirai zvose zvava zvitsva.

Munhu anosangana nematambudziko akasiyana pakurarama kwake, uye anokundikane mune zvakawanda. Chinangwa chemuvengi chakakura ndechekukuyeuchidza kuti uri munhu akazvarwa munyama neropa. Ukabvuma chete kuti ndozvauri unenge wazvipira kuna Mwari wenyika ino, zvekuti anokukunda chero ipi nguva.

Bhaibheri rinoti kungova kwako muna Kristu unobva wava chisikwa chitsva. Vara rekuti "chitsva" rinonzi "kainos" nechigiriki, uye rinoreva chisikwa chisati chambovepo. Wakanga usipo iwe! Kana vakaedza kukuyeuchidza pamu-

soro pekundikana kwako kwakare, nehutera hwawakange uinawo panguva iyoyo, vayeuchidze kuti hausiriwe nekuti wakange usati wavepo panguva iyoyo. Uri chisikwa chitsva pane rino pasi. Hauna kumborarama panerino pasi, hauna kutadza uye hauna chivi.

Pauchanzwisisa chizaruro ichi, uchabva watanga kushanduka uchiva chisikwa chitsva, uye hurombo hunobva hwabva pauri chova chinhu chakare nezita raJesu! Hareruyah!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri chisikwa chitsva uye ndonrarama munyika inoitika zvese nezvinonzi hazviitike. Kugona kwangu hakumiswe nemasimba enyika ino. Amen!

MAVHESI EKUVERENGA

VaEfesu 3:20



OSBORN INSTITUTE
of
THEOLOGY



OSBORN INSTITUTE
of
THEOLOGY


ENROL NOW **FOR NEXT INTAKE**

CERTIFICATE & DIPLOMA



THE OSBORN INSTITUTE OF THEOLOGY FOUNDED BY PROPHET UEBERT ANGEL AND FULLY ACCREDITED BY TRANSWORLD ACCREDITING COMMISSION INTERNATIONAL, PROVIDES AN AWARD-WINNING ONLINE LEARNING PLATFORM THAT EQUIPS MEN AND WOMEN WITH THE REVEALED WORD OF GOD. OIT PREPARES MEN AND WOMEN TO SHARE AND BEAR WITNESS OF JESUS CHRIST TO THE CHURCH AND THE WORLD.

ENROL NOW AT WWW.OSBORNINSTITUTE.COM



HEALING INSTITUTE

with

Prophet Uebert Angel

Networking the world with God's healing power...

BECOME A PARTNER NOW, VISIT

WWW.HEALINGINSTITUTE.ORG



**Mabasa AvaApostora 3:1
Zvino Petro naJohane vakakwira
kutembere nguva yokunyengerera
yepfumbamwe.**

Mamwe maKristu anoti, "Handigone kunamata"; kana usingazive kuti unonamata sei uye kuti unonamata sei, unofanira kukumbira kuna Mweya Mutsvene kuti akudzidzise. Zvaanotaura hazvinzwisike asi zvine simba rakawanda kunyika yemweya. Pauchataura nendimi, matenga anozaruka uye vatumwa vanokurumidza kuuya nemhinduro kuminyengerero yako. Zvinhu zvinokutambudza mubhizimusi rako, mumhuri yako nemumweya unoona mweya mutsvene ave ndiye anenge ave kukumiririra pamukana, achitevera kuda kwaMwari pamusoro pako. Usarege kunamata nekuti minyengetero

ndiyo inokuchengetedza semuKristu. Ikoshese!

Vadzidzi vaJesu vakapidigura mamiriro akange akaita zvinhu zvakawanda kubudikidza nekupfeka kwavakange vakaita nguwo dzine njodzi dzinonzi "MUNAMATO". Vadzidzi vaigara vachinamata zvekutiti ndohwanga hwave hupenyu hwavoe. Vaigara vakangogadzirira kunyengetera nguva dzose zvekuti vakatopazita kune imwe nguva pazuva vachiiti yainge iri nguva yekunyengerera". Ndoanga ari mararamiro avo. Hazvishamise kuti sei vaikwanisa kupidigura mamiriro ezvinhu pamazuva avo Kunyengetera ndiwo musimboti wechiKristu. Kana uchiwana nguva yekudya, unofanira kuwanawo nguva yekunyengerera.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirimusha wemunamato. Ndinoziva kuti zvinenge zvisina kukwana kuti ndinyengerere chete, asi munyengetero unoshandura zvinhu zvese. TGore rino munyengetero wangu uchashandura hupenyu hwangu kusvika ndavekurarama hupenyu wedenga pane rino pasi. Amen!

MAVHESI EKUVERENGA

Mapisaremas 55:17



VaEfesu 3:20

Zvino iye ane simba rokuita zvikuru kwazvo zvinopfura zvose zvatinokumbira kana zvatinofunga nesimba rinobata mukati medu.

Kana uchiisa chiyero panezvinokwanisa kuitwa naMwari muhupenyu hwako, ndizvo zvinoitikawo muhupenyu hwako. Asi ukabvisa muganhu womusiya achiita basa rake saJehovah El Shaddai, Mwari anemazhanhu akawanda uchaona kuti kune zvakawanda zvaanokwanisa kukuitira. Simba raMwari riripo kuti rishande mauri uye kuburikidza newe, saka chishandisa simba raMwari riri mauri, wotanga kuita zvinodarika muganhu kubvira nhasi, unoona uchiita zvinoshamisa iwe. Saka chirega kuzviisira miganhu pane zvawakanzi naMwari uite. Kana Mwari vachinge

vataura newe, vanenge vachiziva kuti vanesimba rekuita zvavakati vanoita mauri nezita raJesu.

Patirikuverenga vhesi ranhasi unoona kuti Mwari vanogona; vanogona kuita zvavanenge vati vanoita mushoko ravo. Ndinogara ndichiudza vanhu kuti kukosha kwangu kunomiswa nemiganhu yendinozvisira kuburikidza nezvandinenge ndataura. Mwari vanogonesesa zvekuti zvavanoita zvinodarika zvatinozvinga. Dambudziko rine vatendi vechiKristu vakawanda nderekuti havasati vave kunzwisisa nezvesimba raMwari rakawanda iri, iro rinoratidzwa nemabasa avanoita.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mafungiro andinoita pamusoro pesimba raMwari arikuwedzera. Handingaisirwe muganhu muhupenyu hwangu nekuti zvinoitika muhupenyu hwangu zvichabatsira madzinza arikutevera uye zvichanyorwa mumabhuku ekudenga kuratidza mashandisiro andakaita simba raMwari panyika nezita guru raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

VaRoma 16:25

**1 Samuel 30:8**

Dhāvhidhi akabvunza ehovha akati; kana ndikatevera boka iro ndingavabata here? Akamupindura akati tevera hako nokuti uhabata kwazvo uye ucharwira zvose.

Vara rekuti “tevera “ rinonzi “rādaph” nechiHebheru, zvichireva kutevera uchimhanya, kazhinji kacho uchida kunorwisa nekunobvuta, kana kunovhima. Dhāvhidhi paakabvunza Mwari mubvunzo uri muvhesi redu ranhasi, maAmarkite akane apamba mhuri yake zvipfuwo nepfuma yake nemauto ake, izvo zvairatidza pachena kuti paizotevera aienda kunorwisa vapambi ava. Ndinoudza maKristu akawanda kuti unofanira kuva nekakunzwisisa maitirwo ebhizimusi. MaKristu akawanda anofunga kuti munhu anofanira

kuzvininipisa nekunzwisa tsitsi, uye nekuva nerudo obvuma zvese zvese , kunyangwe achibirwa newakaipa, achikanganisirwa mhuri yake, utano hwake, mari dzake nemufaro wake!

Mogore rino ekurarama hupenyu hwedenga pane rino pasi, unechiporofita chakataurwa pamusoro pako, chasara zvino ndechekuti utevere mhuri yako wopfutidza moto werudo wange wavekupera, mhanyisa muvengi kusvikira adzokera kwaakabva, wonotora zvese zvaakakubira. Usatombonzwa tsitsi, usadzokere kumashure, kusvikira zvese zvawakabirwa zvadzoka kwauri.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinesimba rekutandanisa muvengi ndonotora zvese zvaakandibira. NdinaMwari kurutivi rwangu uye ndakatsigirwa nehosi dzedenga, ndinokunda chete nezifa raJesu.

MAVHESI EKUVERENGA

Genesis 14:16

**1 VaKorinde 4:20**

Nokuti hushe hwaMwari hausi hwemashoko chete asi ndewekuratidzwa kwesimba raMwari.

Kushaikwa kwekuratidzwa kwesimba raMwari humboo hwakakwana hweku ti Mwari anenge asiri panzvimbo. Pano fanira kuva nekuratidzwa kwesimba raMwari kuratidza kuti Mwari vanenge vachibvumirana nezvaunenge uchiita, Rega ndibva ndati kuratidzwa kweku vapo kwesimba hakureve kuti Mwari anenge aripo kwete. Mumwe munhu anogonakunge achigona kutaura, asi panenge pasina simba rinoratidza hukuru hwaMwari paari. Tirikurarama panguva apo mazuva ano nyika irikutevera zvishamiso nezviratidzo. Kuyangwe panguva yaJesu vanhu chavainyanya kuda kuona minana

nezvishamiso.

Zvakakosha kuratidza kuti Mwari vedu vanoporesa uye kuti vanopa, uye nekuti vanoita zvakadarika zvatino funga kana kukumbira. Ziva kuti munhu wese anenge atambira Jesu satenzi nemuponesi wehupenyu hwake, anenge akapihwa simba reku ita minana nezvishamiso achishandisa zita raJesu. Wakapihwa simba kare, kourikurishandisa here? Nguva yakwana zvino yekuti usimuke uratidze kubwinya kwaMwari kuburikidza nekuporesa kwako varwere. Usazvitarisire pasi uchifunga kuti ibasa revamwe vanhu, kwete! Una Mweya Mutsvene mauri anoita basa rese, chako kungozvipira kuti akushandise.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirikufamba musimba, ndirikufamba muminana nezvishamiso handisimudziyo usina basa asi ndizere nesimba kuratidza kubwinya kwashe Amen!

MAVHESI EKUVERENGA

VaRoma 1:16

**VaRoma 14:**

Iwe ndiwe aniko anopa anopa muranda womumwe munhu mhosva? Iye anomira kana kuwa pamberi pashe wake.

Makore andagara ndichishumira akandidzidzisa zvinhu zvakananda pamusoro pezve mweya uye zvehupenyu. Semwanakomana wemuApostora wemazuva ekupedzisira, Muparidzi weshoko raMwari Chris Oyakhilome, mukuru wezveketenda, azere nehuchenjeri, anezvaakandidzidzisa, uye chimwe chezvaakandidzidzisa ndechekutambira nekudaidza munhu maringe nezvaanoda kudaidzwa achiitwa. Semuenzaniso kana munhu waMwari achida kunzi "Bishopu" unomuti "Bishopu", kana kuti "Archbishopu", sezvaanoda iye. Ishe Jesu ndiye tenzi vedu

fese. Ndinoudza vanhu kuti vasagare pazvinzvimbo pavanozozviita ana Mwari, nekuti Mwari ndiye ega mutongi akarurama.

Vhesi redu ranhasi rinotiratidza kuti iye Mwari uyu, uyo anoziva magumo kubva pakutanga anobata vashandi vake zvakaite sei. Pekupedzisira pevhesi zvirikunzi, "nekuti iye Mwari ndiye anogona kuvamisira" izvo zvinofanira kukuratidza kuti Mwari vane tsitsi, vanenyasha dzakananda. Unogona kunge wanzwa zvinenge zvichinzi zvakaite kunze uko nevaranda vaMwari, ndiMwari anosarudza nekuziva zvaanoita navo. Basa rako guru semuKristu pese panenge paitika chinhu kumunhu waMwari nderekumunamatira, kumunatsa nekumuvaka pese paunokwanisa napo.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinosimudzira mweya yevakananda; handiputse kana kubvarura zvinenge zvavakwa naMwari. Ndinozivakuti Mwari vanogona kuvakachero upi munhu kunyangwe akadonha kanomwe.

MAVHESI EKUVERENGA

Zvirevo 24:16



Isaya 53:7

**Wakamanikidzwa kunyangwe
zvakadaro wakazvinipisa, akasasha-
misa muromo wake; segwayana ri-
noiswa kunobaiwa risingacheme pam-
beri pavaveuri varo, saizvozvo haana
kushamisa muromo wake.**

Tavekusvika panguva iya yekuti tinyat-soziva chokwadi. MaKristu anofanira kunzwisisa kuti tirikurama munyika inofunga kuti wakaipa ndicho chokwadi, asi Jesu arindiye chokwadi. Jesu ndiye chokwadi chizere, uye ndiye chokwadi chacho. Mazuva ano tine masaisai esocial media ayo anounza manyepo nguva dzese. Panekuyedza kunzwa kuti maKristu anoti chii panhau dzakawanda dzinobuditswa ipapo idzo dzinenge dzakangonanga kushaisa maKristu zvekutaura.

Unofanira kuziva kuti kutenda kwedu kunofambidzana nezvatinopupura nemiromo yedu, saka tinofanirwa kuti titaure kana tichida kukoromora hushe hwewakaipa nekutonga mumatunhu. Kana tikarambidzwa kutaura semaKristu, zvinoita sekutorera munhu mweya wekufema nawo. Zvakanzi munaJobho 22:28, "Uchatema chirevo chigozadzikiswa chiyedza chovhenekera pamberi pako" saka unoona hatibvumidzwe kunyarara, sakaramba uchingozvitaure, ramba uchingozvitaure kusvikira wasimudzirwa zvekuti munhu wese anozviona.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndicharamba ndichitaura shoko raMwari iro risingakundikane pamusoro pangu pemhuri yangu uye nemari yangu. Handisi-kunyarara; izwi rangu richanzwika kuti rishandure hwaro hweh-upenyu hwevanhu nekuunza hutongi nezita guru raJesu.

MAVHESI EKUVERENGA

Mabasa AvaApostora 8:32

**Mateo 24:7**

Nokuti rudzi rwuchamukira rumwe rudzi, nohushe huchamukira hushe nenzara dzichavapo nehosha nekudengenye-ka kwenyika kunzvimbo zhinji

Tinofanira kunzwisisa kuti zvinhu zvinoitika panyika hazvingoitika zvega. Mwari ndiye Alpha na Omega, zvichireva kuti iye anovamba chinhu ozochipedzisa. Mwari akatora nguva yake achiverenga chudzi ririmusoro mako uye achifadzwa nemaumbirwo awakaitwa anoshamisa! Ukanzwisisa chete kurukana kwawakaita kubva mukati zvichienda kunze unobva waziva kuti Mwari haana kukutsamwira, asi kuti anodada newe zvakanyanyisa. Tese tave kwekupedzisira kwekwepedzisira, uye mashoko aJesu avekuoneka kuadzikiswa kwawo sekutaura kwaakaaita,

nekuti anoona mhedisiro yezvinhu kubva pakutanga kwazo.

Vhesi redu ranhasi rinofanira kukuratidza kuti tave kumagumo; zvese zviratidzo zvavepo zvisina kana nharo. Zvirikuitika parizvino zvakaporofitwa naMambo Jesu pachavo. Tasangana nematambudziko munyika yese akakurisa zvisati zvamboonekwa. Nhau dzinonakidza ndedzekuti semuKristu hapana chirikuitika chausinga zive. Bhaibheri rirutiudza kuti tifare kana zvinhu zvakadai zvavekuitika nekuti dzikinuro yedu inenge yave pedyo. Saka fara upemberere shoko raMwari rinoshanda!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakaberekerwa nguva inenge ino yekuti nditendeutse nyika dzakawanda, ndichigoverawo pfuma kunyika dzakawanda, Ndiri Izwi raMwari kurudzi rwanhasi uye handinyararidzike. Ndi-chaenderera mberi ndichisimudzwa nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

Ruka 21:11



kwetengirozi.

VaEfesu 2:10

Nokuti tiri basa rake takasikirwa kuti munaKristu Jesu tiite mabasa akanaka akagadzirwa kare muna Mwari kuti ti-fambe maari.

Mwari vakaumba munhum kubva muhuruva vakafema mweya unopahupenyu mukati make, munhu akava chisikwa chinorarama. Zvatinofanirwa kunzwisisa ndezvekuti Mwari havangakotame vofema mweya wavo mukati memunhu nekuti zvakaita sekukotama kunamata munhu kana kunamata munhu uye Mwari haanamate munhu. Mweya wehupenyu wakaiswa mumunhu Mwari varipanzvimbo yekukonzera kuti zvavakaita zviite kuti munhu afanane nemufananidzo wavo uye ave nehunhu hwavo. Munhu akaitwa kuti avepasi paMwari pachake

Kana mweya mumwechete wakamutsa Jesu kubva kuvakafa urimo mauri, unofanirwa kuti uratidze simba raMwari riri mauriwo sezvo uine hunhu hwaMwari mauri. Haungatakure hunhu hwaMwari usina simba ravo. Kweye, hazviite! Chitunga kushandisa simba raMwari ririmauro usingatye, usanyare nekuti kunenge kwave kuzvikudza kunenge kwave kukonzera kuti usataure semuromo waMwari. Taura zvaurikuda kuona zvirimubhanga rako, taura kumara yako kuti iwande, dzikamisa bhizimusi rako wochitarisira kuti zvaunenge wataura zvochitunga kuitika. Ukataura huwandu hwezvaunenge uchida kuona uinazvo uchitema nenguva yacho yaunofanirwa kunge wave nazvo, unoshamiswa zvikuru wave kuona hupenyu hwako hwave kusanduka nezita raJesu!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirikutaura izvezvi kuti mari irikuuya kubhanga rangu, bhizimusi rangu ravekushanda zvakana. Hupenyu hwangu hucharatidza huvepo hwaMwari mandiri, pese pandinotaura mashoko.

MAVHESI EKUVERENGA

Isaya 19:25

**Genesis 1:28**

Mwari akaropafadza Mwari akati kwavari berekai muwande muzadze nyika mubate hushe pairo muve nesimba pamusoro pehove dzegungwa napamusoro peshiri dze denga nepamusoro pezvipenyu zvose zvinokambaira panyika.

Urimudziyo waMwari uyo wakagadzirwa nekupihwa simba rekuita zvinoshamisa. Kubvira pakusikwa kwawakaitwa, une simbariri mauri, rekutonga nekuwanza zvinhu uye zvese izvi zvakarukwa mauri naMwari, saka kushaya nehurwere hazvibvumidzwe kunge zviri muhupenyu hwako. Muviri wako unesimba rekuvaka zvakare nekuumba zvakare zvese zvinenge zvakananganisika kana kuti zvinenge zvisisa shande muhupenyu hwako. Hupenyu hwako mufananidzo wehupenyu hwaMwari, saka unofanirwa kuti uite zvibereko,

nekuona mari yako ichifashukira. Kana wavekusashanda zvakanaka usatsvage kure zvese zvinogadzirisa panenge pakanganisika kana zvinenge zvisisipo unozviwana mushoko raMwari iro rinokuratidza zvinenge zvafa zvacho, zvodzoserwa wotanga kushanda zvakanaka zvakare.

Mirayiro yaMwari yaakapa kumunhu yakanyorwa muvhesi redu ranhasi. Zvese zvinodikana kuti munhu ashande nekutonga zvakaitswa maarikuburikidza nemashoko akataurwa kwaari naMwari. Unoona here kuti sei ndichiti kukosha kwangu kurimumashoko andinotaura pamusoro pehupenyu hwangu, SemuKristu wakapihwa hutingi pamusoro pezvese zviripanyika, unesimba rekuita zvibereko kuwanzwa kwezvinhu rakaiswa mauri. Mwari vakakuita kuti uve pamusoro pezvisikwa zvavo zvese vakakupa simbarekukunda chese chinokurwisa.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakatakura simba raMwari mandiri uye mweya waMwari unogara mandiri. Handikundikane. Mugore rino rekurarama hupenyu hwedenga pane rino pasi hupenyu hwangu huchapenya kuratidza kubwinya kwaMwari nezita raJesu.

MAVHESI EKUVERENGA:

1 VaKorinde 2:13

**Mateo 14:29**

Iye akati huya Petro akaburuka kubva mugwa akafamba pamusoro pemvura akaenda kuna Jesu.

Ndirikuda kuti uise mutsetse pasi pevara rakanzi "huya" riri muvhesi redu ranhasi. Mifungo yevadzidzi vaJesu, nezvavaitya zvacho zvakapera apo vakanzi naJesu "huya". Kunyangwe ari Petro akange akumbira Jesu kuti aigona here kuuya kwaari, Jesu akan-goti huya asina kudoma zita remunhu, Zvichireva kuti chero upi mudzidzi wake aigona kuenda kwakange ari obuda mugwa ofamba pamusoro pemvura saPetro.

Nyaya yekuti Petro akashinga akabu-da mugwa akavawokutanga kufamba pamusoro pemvura pavadzidzi vese in-

oratidza kuti akange akazvipira kuratidza kutenda kwake, oratidza kuti aikwanisa kufamba pamusoro pechinhu chaigona kumunyudza. Paairamba akatarisa Jesu Petro aifamba zvakanaka pamusoro pemvura asi paakangobvisa meso ake kuna Jesu akabva atnga kunyura.

Nzwisisa kuti ukagara wakatarisa kuna Jesu uchagara uchirarama hu-penyu hwekudenga, bhizimusi rako rinoenderera mberi richikura uye uchaenderera mberi uine basa wakakosha uchiita zvinoshamisa. Ramba wakatarisa kuna Jesu, mudziviriri wako apo arikuenderera mberi achiti kwauri "huya," haumbofa wakadonha!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirikuona kwandiri kuenda, handipofamadzwe nevanoda-kundidzvisa. Ndakadaidzirwa kuti ndiite zvishamiso. Handinete kana kukundikana kusvikira hwaro hwehupenyu hwangu hwa-onekera ndave kufamba mahuri nezita raJesu.

MAVHESI EKUVERENGA

Mako 9:23

**Ruka 17:1**

Zvino wakati kuvadzidzi vake, hazvingaitike kuti zvigumbuso zvisauya asi unenhamo iye wazvinouya naye!

MuKristu wechokwadi anofanira kudzidzisika nekubvuma kugadziriswa paanenge akanganisa uye kutevedzera zvaanenge audzwa kuti aite asinganyunyute. Kana urimunhu asingagadzirisike ukadzwa zvekuita kunyangwe zviri zvidiki sei, unofunga kuti unenge washorwa. Kusaregerera avo vanokutadzira kwakaita sechefu inonwiwa neuyo anenge agumbuka. Kunokupedza simba padiki nepadiki, wotadza kuona. Usawire mumanomano ewakaipa. Ramba kugumburwa nezvunhu zvidiki zvisina nebaso rese. Sarudza kufara kunyangwe zvinhu zvisina kukumirira zvakana. Dzidzira kuregerera kana wagumburwa, uye usagumbutse vamwe vanhu.

Vhesi redu ranhasi ririkureva kuti kugumburwa chinhu chinaitika patinosangana semaKristu. Asi muKristu anenge akazara mweya mutsvene haafanire kugumbuka kana aching atsiurwa. Munhu waMwari anofanirwa kutsiura nekunatsa muKristu anenge akanganisa nerudo kuitira kuti muKristu uyu asimbe muchitendero chake uye kuti azive zvekuita. Baba vanenge vaine rudo nevana vavo vanovatsiura vachivagadzirira kuitwa kwebasa rakakura muneremangwana. Pandinenge ndichipa zviporofita kuvanhu ndinovakurudzira kuti vambopinda panguva yekumanikidzwa kwekanguvana kuitira kuti vagowana hupenyu hwakazara nemufaro nekubwinya muneremangwana. Ngaive pfungwa yakowo yekumanikidzika kwekanguvana uchigadzirira hupenyu hunemufaro nezvakawanda mangwana.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mwoyo wangu wakazvipira kunalshe uye handikanganiswe nezvigumbutso kunyangwe zvichirwadza. Ndichawana simba rangu kubva mushoko raMwari ndichitema zvirevo zvekukunda zvigumbutso zvese nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

1 Petro 2:23

**Mateo 13:25**

Asi vanhu vavete, movengi wake akauya akakusha masawi pakati pez-viyo akaenda.

Muvhesi redu ranhasi tirikuona kuti movengi haana kukusha masawi mudyari akasvinura achirima munda wake kwete. Muvengi akange asitomboripo pamunda pacho murimi paaidyara akasvinura. Muvengi akazotanga kudyara masawi mumunda memurimi iye akotsira! Gore rino nderekurama hupenyu hwedenga panerino pasi. Kudenga hakuna nguva yekurara, kana kumbokotsira kana kuzorora. Chokwadi ndechekuti kungorara chete kunopa movengi mukana wekupinda mumunda mako mubhizimusi rako mumari yako muwanano yako movana vako mumurume kana mudzi-

mai wako uye nemubasa rako!

Dambudziko ratiinaro mukereke nderekuti maKristu akawanda akarara, uye vamwe vanoyouta kuzorara panguva yerushando. Mugore rino re "MARI" kune avo vane mabhizimusi hakuna nguva yekurara. Maziso ayo ngaavhurike uchengetdze mhuri yako kubva mukurwiswa nemuvengi. Nyatsoona kuti musha wako wese nedzimba dzese zvakazadzwa nehuvapo hwalshu, uye kuti urikuita basa rababa vako. Bhaibheri rinoyi muna Zvirevo 6:10-11 "Kumbovata zvishomanene, kumbotsumwaira zvishomanene, kumbofungatira maoko zvishomanene ndizorore. Saizvozo hurombo hwako huchasvika segororo".

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri kuita zvandakanzi handiite, Ndinodarika miganhu. Ndirimukundi. Handichakoshesa kurara kusvikira ndapedza kuita basa randakanzi naMwari ndiite. Hareruyah!

MAVHESI EKUVERENGA

Mapisarema 127:2

**1 VaKorinde 3:6**

Ndakadyara Aporo akadiridzira, Mwari ndiye akawanza.

Zvinowanonzi Mwari haakoshese kugona kwako asi kuwanikwa kwako. Mwari ndiye anosimudzira vanhu muhupenyu. Saka kana ukazvibuditsa wega mukuita basa raMwari wave nehutera, nzwisisa kuti simba raMwari rinoshanda zvikuru paunenge wapererwa. Kana ukauya mumba maMwari basa rekuita unoriwana. Kune rimwe basa rinogona kuitwa nemunhu wese muimba yaMwari, uye munhu wese anokwanisa kuita basa iri. Ibaso rekupa kuitira kuti vhangeri yenhau dzakanakadzaMwari iendekunyika dzese pasi rese. Kana wafunga kuita basa iri ziva kuti munhu waMwari unenge uinaye kwese jwaanenge achiyenda achinoita

basa raMwari nekuiratidza minana nekuporeswa kwaMwari kuvanhu.

Vhesi ranhasi rirkutaura pamusoro pezvinhu zvitatu zvinoitika kana wave kushanda muimba yaMwari. Vanotanga basa vanonzi vadyari asi kudyarara kereke, kunenge kuri kutanga chete. Kereke inofanirwa kudiridzirwa neshoko raMwari nguva dzese. Zvinhu zvinofanira kukufadza kuti unge urimuhushumiri, uchiita chero ripi basa uine chero chinzvimbo. Nyaya iripo ndeyekusimudzira hushe hwaMwari. Ukava neshungu dzakawanda urimuchero chikamu chekereke unofanirwa kuchikoshesa wochiita basa rako, rawakadaidzirwa naMwari; usamirire kuti udaidzwe kubasa. Zvipire wega.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakadaidzwa naMwari uye ndine chipo chekushandisa muhushumiri hwaMwari. Handingarambe ndakagara ndisina zvandirikuita, Ndinoziva mukati memwoyo wangu kuti basa randichaita mukereke richasimudzira hushe hwaMwari nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

Mateo 6:33

**Dhuteronomio 2:25**

Nhasi ndichatanga kufundisa nokutyisa ndudzi dziri pasi pedenga rose pamusoro penyu ivo vachanzwa guhu pamusoro penyu vachabvunda nokutya kwazvo pamusoro penyu.

Kubuda kwakaita vana valsraeri muljipita kwakabva mushoko raMwari ravakaudza Mozisi, rekuti vaizonotora nyika yaierera huchi nemukaka. Mwari ndiye aironga mafambiro avaizoita achivaburitsa mugwenga, umo makange muine zuva raipisa zvakaipisisa, akavafukidzira negore kuti vasatsve masikati, uye kuvafukidza nemurazvu wemoto mahusiku kuitira kuti vasatonhorwe nechando. Chirongwa chaMwari chekuvachengetedza chakange chakanangurika uye chisati chamboitika. Ndiye Mwari mumwe

chete watinonamata iye anechirongwa chekugara matiri kubvira nhasi nekusingapere.

Ongorora kutimweya waMwari urimo mauri, uye zvauri zvinogona kungoshandura munhu usina chaunenge waita. Kana ukasvika panzvimbo unoshandura mamiriro ezvinhu ipapo zvaunotaura zvinechiremerera nesimba. Ndozvauri muna Kristu. Wakadaidzirwa kudzidzisa nyika dzakawanda, kuparadza hurombo uhwo hwanga hwanyangira mhuri yako kwemakore akawanda, uye kutiukwezve mari, mugore rino rekurarama hupenyu hwedenga pane rino pasi.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Shoko ra Mwari hariwire pasi, shoko ravo pamusoro pemari yangu hapana anoripikisa. Ndirikutaura nhau dzinonakidza, uye mashoko andinotaura anesimba uye anehupenyu. Ndiri wandinonzi naMwari ndiri. Amenii!

MAVHESI EKUVERENGA

Ekisodho 23:27



Mabasa AvaApostora 20:24

Asi hakuna chimwe chezvinhu izvi chiondidzosea shure uye handingav-
erengi kufi upenyu hwangu hunokosha
kwandiri kufi ndipedze rwendo rwangu
nomufaro nebasa randakagamuchi-
ra kunalshe Jesu, rokupupura kwazvo
evhangeri yenyasha dzaMwari.

Pandakatanga kuparidza shoko ren-
yasha dzaMwari, maKristu akange as-
inganzwisisse chizaruro chandakange
ndiinacho. Saka vaitsoropodza zvan-
daireva pandaiparidza. Ndirikuda
kutsindidza kuti kuwanirwa nyasha
hakukupe rezenesi rekuita zvivi kwete.
Inyasha netsitsi dzaMwari idzo dzinoku-
tungamirira kuti utendeuke. Kana wa-
ona kunaka kwaMwari washamiswa
nadzo unotosiya zvakaipa zवान-
ga uchiita, nekuti unenge uchigara

wakanyudzwa murudo rwavo. Vhesi redu rinotaura kuti nyasha dzaM-
wari chipo change chisina kufanira kuuya kwauri, icho chinokusunung-
gura kuitira kuti usagare uchizvitongesa pamusor pechitadzo chako.

Nyasha dzaMwari ndedzechokwadi uye ukafunga kuti unenge wata-
dzira Mwari, ivo vanoenderera mberi vachikuda wakadaro nerudo
rwavo rwusina magumo. Mwari havamire kukuda kana watadza. MuA-
postora Pawuro vanoti munaVaRoma 8:1 "Nazvino hakusisina kupihwa
mhosva kunavarimuna Kristu Jesu wakandisunungura pamurayiro wez-
vivi norufu."

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirichisikwa cherudo rwaMwari rwusina magumo. Ndaka-
daidzirwa kuti ndigoverwewo kunaka kwenyasha dzaMwari.
Ichi chipo chakanyanyonakisa chinoratidza zvechokwadi kuti
ndirikurarama hupenyu hwedenga pane rino pasi. Amenii!

MAVHESI EKUVERENGA

1 VaKorinde 15:58

**Ruka 7:13**

Zvino Ishe wakati achimuwona aka-munzwira tsitsi akati kwaari, “Usacheme”.

Paunonzwa tsitsi dzakanyanya nekurwadziwa kwevanhu nekushungurudzwa kwavo unoona wave kuwedzerwa nyasha dzemhando yepamusoro zvekuti simba rekuporesa rinobva ratanga kungobuda mumuviri wako zvakananyanya, zvinoita kuti pese paunobata varwere vanobva vapura. Kana pasina zvaunonzwa mukati mako maringe nezvavanenge vachinzwa, uye kana usina kugadzirisa nharaunda yako kuti simba raMwari rifambe zvakanaka, unenge uchitambisa nguva, hapana waunoporesa.

Zvakaoma kugona kuporesa vanhu kana usinganzwe kurwadziwa kwavo neshungu dzavanenge vainadzo dzekunatswa! Unofanirwa kunzwa tsitsi kana uchida kubudirira pakuporesa varwere uye unofanira kusundwa mukati mako kuti ubudirire. Ukanzwa kurwadzirwa vaunenge uchinamatira panezvaunonzwa mumweya wako zvisinga tsanangurike, zvakaafanana nekunzwa marwadzo euyo awunenge uchiporesa. Kuti urape munhu anenge aine gomarara, ane chirwere cheshuga, kana anenge arimbeveve unofanirwa kuti unzwe zvavanenge vachinzwa, kubva mukati mako, zvichienda kunze, ipapo simba raMwari rekuporesa rinobva ratanga kubuda mukati mako wobudirira kuvaporesa.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndichafamba musimba raMwari rekuporesa. Ndakazodzwa kuti ndiporese vanorwara. Saka ndichanzwa zvavanonzwa, ndichapindana nezvavanenge vachipindana nazvo ndizvo zvichaita kuti simba raMwari ribude kubva mandiri richinovaporesa pandinenge ndave kunamata ndichiisa maoko angu pamisoro yavo nezita raJesu.

MAVHESI EKUVERENGA: Mako 1:41

**Numeri 13:33**

Takaonapo vanhu varefu vanavaAnaki vanobva pavarefu kana tichizvifanidza takanga takaita semhashu.

Urikuzviona here muvhesi redu zvakaikwa nevana valsraeri pamusoro pavo. Imomo muvhesi iri unoono vachitukundikana vasati vambopinda munyika yehuchi nemukaka. Ofungwa dzisingaende kure dzinokongerera kukundikana. Uye zvivimbiso zvaMwari pamusoro pehupenyu hwako hazvizoadzikiswa. Vasori ava pavakadzoka pfungwa dzavo dzakanga dzavaudza kuti vakange vari vadiki uye vaigona kupwanywa sehwiya, izvo zvinoratidza pfungwa dzekukundikana. Ndiyaniko arikuchengetedza shungu dzauinadzo dzekuita bhizimusi? Vanofanirwa kunge variMwari chete'. Mwari vakatotanga

kuita basa rakanaka mukati mako. Unofanirwa kuti uzvinzwisise zvandiri kutaura izvi wotanga kutora matanho ekupinda nekunotoro hutongi hwematunhu.

Yava nguva yekuti uite bhizimusi riye rawanenguva yakareba uchida kuita, yavenguva yekuzivikanwa pasi rese woita zvikuru pane rino pasi zvichaita kuti uve nemukurumbira. Unosundwa naMweya Mutsvene saka usazorore, usaite sevasori vaizvitarisira pasi pavaizienzanisa nevangari vekunyika kwavaienda. Iwe ona Mwari vachikuvhurira mikana yakawanda ichakubatsira pakusimudzirwa kwako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakaberekerwa hukuru nekutonga nzvimbo, Handisi kuzodzokisira pasi basa randakaudzwa baMwari kuti ndiite. Ndichatutuma ndigokura nezita raJesu Amen!

MAVHESI EKUVERENGA

Dhuteronomio 1:28

**Hosea 1:7**

Asi ndichanzwira imba yaJudha nyasha ndichavaponesa naJehovha Mwari wavo handingavaporesi nou-ta kana nomunondo, kana nokurwa, kana namabhiza, kana navatasvi vamabhiza.

Nzwisisa kuti matambudzko aunosangana nawo muhupenyu anoda kuti usimbe urwe umire kanauchida kuti ukunde uye kukunda kwakokwakakura kudarika kwepanyama. MuKristu wese anorwiswa nemuvengi uye hondo yacho inokurisisa paunoita sarudzo yekutevera Kristu. Kuti ukunde unofanirwa kushandisa mweya mutsvene ari mauri kwete kuti urwe wega, ndosaka muApostora Pawuro vachiti: "Ndinokwanisa kuita zvese muna Kristu anondipa simba." VaFiriipi 4:13.

Nzwisisa kuti chironzwa chaMwari chekukunda kwako chirimushoko ravo. Vakati vanoziva pfungwa dzavainadzo pamusoro pako ndedzekuti uve nerugare kwete zvakaipa (Jeremiya 29:11). Ipapo tinobva ta-zoziva kuti zvakaipa hazvisi zvaMwari. Pfungwa dzaMwari dzakanyatso-taurwa pamusoro padzo: Vanofunga kutipa tariro uye kubudirira. Kana zvinhu zvisina kuita sekuronga kwako ziva kuti kuita kwemuvengi kwete kwaMwari. Nhau dzakanaka ndedzekuti Mwari uyo anoziva magumo echinhu kubva pakutanga kwacho ndiye arikutonga. Uye urikukunda!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakatokunda kare panezvese zvandirikuita nekuti ndiriku-koshesa kuitwa kwebasa raMwari. Ndinogara muna Mwari sekugara kwavanoitawo mandiri. Handikundikane muhupenyu nekuti ndinotungamrirwa naMweya Mutsvene Amenii!





MAVHESI EKUVERENGA

Mapisaremas 44:3

GoodNews

DAILY

EVANGELISM



**VaFiri 4:7**

Zvino rugare rwaMwari rwunopfuura kunzwisa kwose rwucharinda moyo yenyu nemifungo yenyu munaKristu Jesu.

Vhesi redu ranhasi rinoratidza pavhe- na kuti kana pfungwa dzako dzichigara dzichifunga pamusoro paMwari, usingavhonduke kunyangwe paine matambudziko aunenge uchisangana nawo, ivo Mwari pachavo vanokuchengeta. Nemamwe mashoko, kuchengetedzwa nekurindwa kwauri kutsvaga unokuwana muna Mwari. Unovimba naMwari kuburikidza neshoko ravo, iro rakazara nezvivimbiso zvakawanda pamusoro pako. Rangarira kuti tirimunyika ino, asi hatisi venyika ino. Pfungwa iyi ngaigare iri mumusoro mako sezvayakange yakaita muna Kristu (VaFiri 2:5). Pfungwa yaKristu haibvume kufunganya, kana kunetse-

ka kunyangwe zvikaita sei. Hainetswe nezvirikuitika kana kushungurudzika kana paita matambudziko.

Tirikurama munyika mavekunetsa kuwana rugare. Takakomberedzwa nenyonga nyonga yakawanda. Tinonzwa pamusoro pezvibvumirano zvekuunza runyararo, zvinenge zvichinyoreranwa pakati pevanenge vachipikisana asi hazviremekedzwe kana kuzadzikiswa. Ishe Jesu vega, muchinda werugare ndiye ega anokwanisa kuunza runyararo rwunogara kunyika izere nematambudziko. Runyararo rwaMwari rwunonetsa kuti pfungwa dzemunhu dzirwunzwisise nekuti harwusi rwenyika ino. Runyararo rwaMwari harwuunzwe nezvinhu kana kupembedzwa asi rwunounzwa nekuwadzana kwakonaMweya Mutsvene. Mweya Mutsvene paanopindira muhupenyu hwako dambudziko remari rinopera woona wave kukura mumweya, zvinonyatsoonekwa nemunhu wese.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Runyararo rwangu rwuri muna Mwari uye hapana anogona kurwuparadza. Hupenyu hwangu hunoratidza rugare rwaMwari rwuri mandiri. Hapana chinombondikanganisa uye ndinosimbiswa ndovamuhombe kudarika zvandakambenge ndiri ndiine simba rakawandisa nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA: Johani 14:27

**1 VaTesaronika 5:12-13**

Zvino tinokumbira kwamuri hama dzangu, kuti muzive avo vanobata pakati peny u vanokutungamirai munaShe vanokurairai. Muvakudze zvikuru norudo nokuda kwebasa ravo. Ivai norugare pakati peny u

Seiko muApostora Pawuro vakazviona zvakakosha kudoma kuti mukudze avo vanokutungamirai, muvhesi redu ranhasi? Mwari ndivo vanosarudza mudziyo wavanenge vachida kushandisa. Saka kana uchirimekedza munhu waMwari unenge uchiremekedza Mwari. Munhu waMwari anounza chiyero chenyasha dzinenge dziri paari saka kuteerera kwako kunoita kuti zodzo rinenge riri paari rishande muhupenyu hwako. Zodzo rausinga remekedze uye usingavimbe naro harimboba

rakakushandira. Paunongofunga chete kuremekedza avo vakaiswa pamusoro pako nemwoyo wako wese unoona wave kukura zvinoshamisisa pane zvese zvehupenyu hwako.

Kune zvakawanda zvinoitwa nemunhu waMwari muchivande zvisingazivikanwe neveruzhinji. Rangarira kuti munhu waMwari, saka kuremekedza munhu wawari kuremekedza Mwari akamudana. Munhu waMwari ihari inoshandiswa naMwarikukupafadza iwe unebasa rekumuremekedzawo.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndichatora matanho ekuremekedza nekukudza avo vakaiswa pamusoro pangu. Ndichava mwana anonyaradza uye ndichagara ndichiremekedza vese vakaiswa pamusoro pangu nemabasa andichaita uye nemashoko andinotaura, izvo zvichakonzeresa kubwinya kwangu kwese kwandinoenda nezita raJesu. Amen!

MAVHESI EKUVERENGA

1 VaKorinde 16:18

**VaHeberu 4:12**

Nokuti shoko raMwari ibenyu rinesimba rinopinza kukunda munondo unocheka kumativi maviri rinobaya kusvikira panoparadzana moyo nomweya namafundo nomwoyo.

Vhesi redu ranhasi ririkuti shoko raMwari chinhu chipenyu, chinofema chinooka, rinoona rinofamba uye rinofunga. Izvi zvinopenengura zvakawanda pamusoro peshoko raMwari zvatanga tisingazive uye zvatisinganzwisise nepfungwa dzedu. Shoko raMwari rinogona kutumwa kuti rite basa rotoita zvarinenge ratumwa kuti rite, richibudirira, Ichokwadi kuti shoko raMwari rinogona kutumwa kunoita basa roto ita sekutumwa kwaro uye harikundikane. Hongu Mwari anotumira shoko rake richinovaporesa Saka ngatidzikei neshoko iri tione kuti rakambomira sei: Johani 1:1 inoti "Pakutanga shoko rakanga

gariripo, Shoko rakangaririkuna Mwari, shoko rakanga ririMwari". Shoko rimwe chete iri rakava nyama uye rikagara mukati mevanhu, tikaona kubwinya kwababa kwakange kuzere nenyasha nechokwadi. Uye uyu ndiJesu!

Mweya mutsvene anogara mauri kuti uite mabasa makuru aKristu. Mugore rino rekurarama hupenyu hwedenga panerino pasi, chingogara uchitaura shoko raMwari uine hushing, unotozvishamisa wave kuona nyaya dzangadzakaoma dzavekungonyunguduka dzichipera. Kukanaganisa kwakakura kugara uine bakatwa rino cheka paviri richigara mauri asi uchirwadziwa nemusoro, uine denda ririkuda kukutsikirira, asi worega kutaura shoko raMwari. Chitanga kubvira nhasi kutaura shoko raMwari pamusoro pemhuri yako, bhizimusi rako, mari yako ukonzere kushanduka kwazvo nezita raJesu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakadzivirirwa neshoko raMwari. Ndakachengetedzwa nemweya waMwar, hongu Kristu mandiri itariro yekubwinya. Handimbofa ndakakundikana. Ndicharamba ndichitaura shoko raMwari nehushingi, izvo zvichaunza shanduko muhupenyu hwangu!

MAVHESI EKUVERENGA: Ephesians 6:17

**1 VaTesaronika 5:24**

Wakatendeka ndiye unokudanai uchazviitawo.

Mwari uyo anoronga zvinhu zvake ari-kudenga, ndiye akagara aronga hwaro hwehupenyu hwako. Asi MaKristu akawanda anoda kuona hurongwa hwaMwari uhwu asati abvumirana nahwo. Hurongwa hwaMwari pamusoro pehupenyu hwako haukanganisike kana uchiwadzana naMweya Mutsvene. Mwari vaiziva nechekare kuti mugore rekurarama Hupenyu hwe-denga pane rinopasi kuti uchaverenga chiporofita chinonzi "The GoodNews Daily". Chaurikuverenga nhasi. Hapana chinovhundutsa Mwari kana chinhu chavasingazive pamusoro pachu. Ndiye muvambi nemupereresi wekutenda kwedu. Mwari haana chinono; nguva

yake yakakodzera ndokunge ukamubvumira kuti ashande pamwe chete newe.

Rangarira kuti Mwari ndiye anokudanai, sezvazvirikutaurwa muvhesi redu ranhasi, uye akatendeka nguva dzese kusvinurira shoko rake. Akataura kakawanda mushoko rake kutihat "His faithfulness will never fail (Mapisarema 89:33). Ndinoona zvangu pandinoporofita zvandinenge ndataura zvichizadzikiswa, vanhu voshaya kuti anombozviita sei kudaro? Usakanganwe kuti ndiMwari vanenge vachitaura vari mandiri uye kuti vanozadzikisa zvavanenge vataura. Ndinogara ndichitaura kuti muhushumiri, kana Mwari vakakupa muono, vanounzawo zvese zvinoitakuti uzadzikiswe. Kana urimuhushumiri uchigara usina zvakakwana zvekushandisa unofanirwa kuti uongorore chiono chako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri muKristu ane zvinobatika uye ndakadaidzirwa hukuru. Ndirikufamba maringe nehurongwa hwaMwari pamusoro pehupenyu hwangu uye handibude munzira yahwo. Rwendo rwangu naMwari rwuchandipa ruzivo uye nesimba rekurarama hupenyu hwedenga pane rino pasi. Amenii!

MAVHESI EKUVERENGA: VaFiriipi 1:6

**Dhuteronomio 8:18**

Asi unofanira kurangarira Jehovha Mwari wako, nokuti ndiye anokupa simba rokupfuma kuti sungano yake yaakapikira madzibaba ako sezvaanoita nhasi.

Ndine zvandinoziva pamusoro pangu zvandisingatombo zungunuka pazviri uye ruzivo rwekuti kupfuma ndekwangu, zvinenge zvichipesana neizvi ndezvewakaipa uye ndinozviraamba muhupenyu hwangu. Hurombo hunobva kune wakaipa, uyo anouya kuzoba runyararo rwako, mufaro wako, hutano hwako nehupenyu hwako; kupfuma kunounza mufaro wako, hutano hwakanaka nekurarama hupenyu huzere. Shoko raMwari rinotaura pache-na kuti anokuropafadza kuitira kuti uve ropafadzo kune vamwe. Wakaropafadzwa zvakananya iwe kuitira kuti ukweretese nyika uye haukwerete!

Chikonzero chakaita kuti Mwari vape gore rino rimwe dingindira rekuti "Gore reMari" kuitira avo varimubhizimusi kuitira kuti hupfumi huuye mumaoko avo kubva mumaoko ewakaipa uye huri kuuya kune avo vakazvipira kupa mari yekubatsira kuendesha vhangeri ye Nhau dzakanaka dzaMwari kumamisha ese, maguta ese nenyika dzese. Tsika yekufananidza hurombo nehutsvene ndiyo yakakanganisa shoko kushanda zvakana kweshoko muhupenyu hwemaKristu akawanda. Handiparidze pamusoro pevhangeri yehupfumi sezvinotaurwa nevamwe kwete. Ndinoparidza, nhau dzakanakadziri pamusoro penyasha dzaMwari uye ichi chikamu chezvinofanirwa kuwanikwa nemwana wese waMwari. Ndirikutaura kuti upfume izvezvi, uye mari ngaizive kwaunogara nezita raJesu. Amen!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mugore rino rekurarama hupenyu hwedenga panerino pasi, ndirikutora hupfumi hwangu nepfuma yangu semwana waMwari. Ndichararama hupenyu hwezvakawanda zvinofashukira, hurombo nekushaya zvirikure neni. Ndakapfuma zvisina mubvunzo. Amen!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mugore rino rekurarama hupenyu hwedenga panerino pasi, ndirikutora hupfumi hwangu nepfuma yangu semwana waMwari. Ndichararama hupenyu hwezvakawanda zvinofashukira, hurombo nekushaya zvirikure neni. Ndakapfuma zvisina mubvunzo. Amen!

MAVHESI EKUVERENGA: Hosea 2:8

**Ruka 8:22**

Zvino nerimwe ramazuva iwayo waka-pinda mugwa navadzidzi vake akati kwavari ngatiyambukire mhiri kwegungwa vakaenda.

Ndichiri kuyeuka rimwe zuva, mugore ra2022,"REMINANA ISINA MAGUMO,pandakange ndiri mundege, mamiriro ekunze asina kunaka, ndege ichizunguzike zvausati wamboona apo ndakaongorora ndikaona kuti mamiriro ekunze aya akange asiri aMwari, asi kuti chaiva chombo chewakai-pa chaitoshanda ipapo. Pane imwe nguva ndege iyi yakambozunguzwa zvakanyanyisa nedutu remhepo, izvo zvakaaita kuti ndidaidzire nezwi rakakura iro rakanzwika nevaiva pedyo neni ndichiraira mhengo iyi. Pakanzwika kurira mundege, pedzezvo mhengo iya ichibva yatama ipapo ipapo.

MaKristu anozivikanwa zvikuru nenyaya yavo yekugara vakanyarara vakazvibata uye vaine hutera, kunyangwe igwa ravo ravekunyura. Zvinomagumo zvaasvika kudai, kupotseka kunenge kwakakurisakuti maKristu arambe achinura! Mugore rino rekurarama hupenyu hwedenga panerino pasi, unofanira kuto rarama hupenyu hwacho, uye hapana pauchasiyira kuitwa kwezvirongwa zvako panzira. Mambo uyo arimukati mako ngaamuke atonge mamiriro akaita zvinhu. Ramba kutsikirirwa. Kukunda kwako kuchashamisa vakawanda; Jesu arimomugwa rako, saka zvimwe zvese zvinenge zvakakukomberedza hazvina maturo.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirikuzorwisana nechese chirikupokana nehupenyu hwangu. Hamusisina hutera mandiri. Pandiina Kristu mandiri ndinesimba rekurwisana nekudzorera vanondirwisa. Ndaramba kuti hupenyu hwangu huenderere mberi huchingotenderera panzvimbo imwe chete, zvinhu zvese zvirikundishandira uye ndinosvika kwandirikuenda nezita raJesu. Amenii!

MAVHESI EKUVERENGA

Mateo 8:23-24

**Mapisaremas 69:9**

Nokuti kushingairira imba yenyu kwakandipedza, nokushoora kweva-nokushorai, kwakawira pamusoro pangu.

Urikuona here kushingairira kuri kutaurwa nezvako muvhesi redu ranhasi. Kushingairira kunokoshesa basa raMwari kudarika zvese; pfungwa dzako nechinangwa muhupenyu ngazvive pamusoro pehushumiri, usave nedzimwe pfungwa. Paunozvinyudza mubasa raMwari, zvese zviru maererano nehushu hwaMwari zvinenge zvave nebasakwauri kudarika zvinhu zvese muhupenyu. Ndinoudza vanhu kuti basa raMwari rinofanirwa kutora nguva yako yese, zvimwe zvese zvinoitwa neimwevo nguva. Basa rekiita mukereke rawanda zvausati wamboona mazuva ano. Kune vanhu vakawanda kunze uko varikurama hupenyu hwavo vasina

Kristu, uye basa redu nderekuvatendeutsa.

Uyu mutoro unofanira kukushaisa hope, uchifunga pamusoro penzira dzaungashandise dzekubvuta nadzo vanhu vese avakubva mudutu ririkugadzirira kuvaparadza. Unoona kana paine basa ririkufanirwa kuitwa munyika yese kunodiwawo mariyakawanda yekuitisa nayo basa iri. Kana uchinzwawo manyukunyuku nezvevhangeri raJesu hazvitombokunetsa kuti utsvage mari yekutsigira nayo zvirongwa zvehushe hwaMwari. Gore rino mari ichaunganidzwa seguruva regoridhe, ndosaka kuine dingindira rekuti "GORE REMARI" kune avo varikuuta zvemabhizimusi. Mari irikuuya iyi ine chinangwa chekutsigira basa raMwari nekusimudzira hushe hwavo. Hakusisina nguva yekutamba; takatogara tadzika nechekare. Chiita kuti kushingairira kwako Kristu kuoneke pane zvese zvehupenyu hwako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Hupenyu hwangu hurikupenya uye huchapa chiyedza kunyika yese yakandikomberedza. Ndicharatidza simba raMweya Mutsvene riri mandiri. Handisikuzorasa mwoyo, handina kuraswa. NdirimunaKristu.

MAVHESI EKUVERENGA

Johani 2:17

**VaEfesu 2:10**

Nokuti tiri basa rake takasikwa kuti muna Kristu Jesu tiite mabasa akanaka akagadzirwa kare naMwari kuti tifambe maari.

Zvimwe zvezvatakasikirwa naMwari kuti tiite, kuratidzwa kwesimba raMwari rinobva kudenga asi kunemaKristu mashoma anoratidza simba raMwari riri mavari. Unezvedzinza raMwari mauri, munaKristu izvo zvinokusiyana nevamwe kuti uve chishamiso kune verudzi rwekwaunobva, asi hapana anozviza. Simba iri ririmomauri, risina zviri kuita, uye kusvikira wavekurishandisa uchagara uinero pasina zvaunowana kubva kwariri. Unofanirwa kutanga kushandisa simba raMwari riri mauri, unoono hupenyu hwako hwave kuratidza kubwinya kwaMwari, Mwari vakatokupa simba iri kare, chasara ndechekuti urishandise.

Mwari vakaratidza kare unyanzvi hwavo munaKristu pakuumba kwavakaita munhu. Mwari vakatora nguva yavo vachikuumba. Urimitezo yemuviri wavo; wakagadzirwa nemufananidzo waMwari, uinesimba redenga rekushanda saMwari panerino pasi, uchigadzira zvinhu sezvinoitwa naMwari. Ukaziva kuti unesimba raMwari mauri zvisina mubvunzo, uchatanga kuita zvinhu nenzira yakasiyana. Ndirikukurudzira kuti uwane chizaruro chezvandiri kukuudza kubvira nhasi worarama hupeyu hwako uchiratidza simba nehukuru hwaKristu. Simba raMwari rirufanirwa kuratidzwa mumakereke. Zvisikwa zvese zvakamirira kuratidzira kwavana vaMwari.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Hupenyu hwangu hunoratidza simba raMwari wekudenga. Ndinofamba ndiri musimba iri, uye nharaunda yangu ichashandurwa gore rinokuburikidza nesimba iri mugore rino rekurama hupenyu hwedenga panerino pasi. Ndichagara ndichiratidza hunhu hwa Mwari huri mandiri. Ndirimutakuri wedzinza raMwari uye ndicharatidza simba ravo. Amen!

MAVHESI EKUVERENGA

Isaya 19:25

**Mateo 6:21**

Nokuti pane pfuma yako nomwoyo wako uchavapowo.

Ndirikuda kuti uzive kuti kunamatira kuti uwane mari kutambisa nguva nekuti mari inounzwa nesungano yakaitwa naMwari, kwete chivimbiso. Ukapa mari, inodzoka kwauri. Zvinhu zviripachena izvi. Unogona kupedza nguva yakareba uchinyengetera uye mamwe maKristu anotsanya achida mari, asi chokwadi ndechekuti zvinhu izvi hazvishandure mamiriro ezvemari yako nekukurumidza. Mubvunzo ndewekuti ko unonamatirei nekuzvinyima zvekudya uchida kuiwana asi iwe wakaudzwa naMwari kuti kana uchida mari unoita sei. Dai Mwari vaidi kuti unamate nekutsanyira mari zvingadai zvakanorwa mumagwaro avo, asi kwete, vakati kuti uwane zvibereko zvakanwanda unofanirwa kupa. Ndi-

noona maKristu achinamata nemwoyo yawo yese, achikumbira kuti mafasitera ekudenga avhurike, asi chokwadi chinorwadza ndechekuti vanenge vakarasika.

Ukabhadhara "Chegumi chako", mafasitera edenga anovhurika, wodururirwa ropafadzo rakakurisa rinofashukira. MaKristu akawanda haadi kutevedza mirayiro yakataurwa naMwari, pedzevo vopa Mwari mhosva kana vavekushaya. Dzidzira kugara uchipa unoona mhinduro yaMwari kumara yako. Haukunde Mwari pakupa, kwete, hazvimbofa zvakaikita! Ndakacherechedza dikaona kuti ukapa zvakanwanda, unoono maginhi aemikana akawanda achivhurikawo. Tevedzera zvan-dakurayira izvi urarame hupenyu hwedenga pane rino pasi kubvira izvezi

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Indirikuzvinzvisisa kuti handikunde Mwari pakupa. Saka ndakudyarira remangwana rangu; chandinopa kuna Mwari hachirasike. Pandirikupa kudai, ndavekuziva kuti ndichakohwa pakuru nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

Zvirevo 23:4

**Ruka 9:57**

Zvino vakati vachifamba munzira, mumwe munhu akati kwari ishe ndichakuteverai pose pamunoenda.

Tese takadaidzwa kuti tishumire, uye takapihwa zvipo zvakasiyana siyana zvatinofanirwa kuti tishandise mumuviri waKristu. Zvipo nematarenda zvatiinazvo izvi, kana tikazvishandisa nenzira yakakanaka, zvinosimudzira basa raMwari, nehushu hwavo. Kana uine pfungwa dzekusimudzira hushu hwaMwari haumirire kukumbirwa kuti uite chinhu, unokurumidza kuzvipira wega, kuita basa raMwari nekuti unenge uine chinangwa chekuti basaraMwari rifambe zvakanaka. Muvhesi redu ranhasi tiri kuona paine murume akazvipira kutevera Jesu asina kukumbirwa, izvo zvinoratidza pachena kuti azonoshanda zvakadii, mukufamba kwake naShe.

Tinofanirwa kuti tinyatsoongorora murume uyu, kuitira kuti tinzwisise kuti Mwari varikutsvaga vanhu vakaita saye vanenge vaine shungu dzekuona Nhau dzakanaka dzenyasha dzaMwari dzichishandura hupenyu hwevanhu vakawanda pasi rese. Rudo rwaMwari ndirwo rwunotiita kuti tide kuona denga rakazara nevanhu, gehena risina munhu, uye ndizvo zvinoita kuti tishande nemwoyo yedu yese. Unoona, kana ukakoshesa kuitwa kwebasa raMwari, Mwariwo vanokoshesa nyaya dzako. Kana fichiti nhau dzakanaka finoreva chero chipi chaunoitira Mwari uye unowana mubairo wako parizvino, nemunguva irikutevera!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndazvipira kushandira Mwari hupenyu hwangu hwese. Ndi-chamhanya nebaso iri donzvo riri rekuona vanhu vakawanda vachienda kudenga, gehena richisara risina munhu. Kupenya kwangu kuchakwezva vamwewo vanhu kuti vaone Kristu mandiri. Handinyare kuita basa raMwari nekuti isimba raMwari rekutendeutsa vanhu.

MAVHESI EKUVERENGA

Mateos 8:22

**Johani 15:13**

Hakuna munhu anerudo rwukuru kunourwu kufi munhu arasire hama dzake hupenyu hwake.

Bhaibheri rinotiudza kuti tichiri vatadzi Kristu akatifira (VaRoma 5:18). Rudo rwakadai harwuwanike; zvakaoma zvakare kuona uchimhosa munhu wasingazive, asi rudo rwababa rwuri matiri rwonofanira kutikonzeresa kuti fide vanhu vatsingazive,. Rudo rwakadai ndirwo rwatinotarisa kuti tione pakati pema Kristu, Ngatidei handzvadzikomana nehandzvadzisikana muna Kristu toratidza rudo rwaKristu kwavari. Rudo urwu harwufanire kunge rwiine chikonzero kuti rwuratidzwe zvinofanira kuti rwuratidzwe pachina. Kana tichiti tinoda vasingadike, tinofanira kuzviita mukereke nekunedzimwewo hama

dzedu dze kunze. Unofanira kuda vemukereke nevarikunze nerudo rwakafanana.

Kana ukaona handzvadzikomana kana handzvadzisikana muna Kristu yave kurasike, idzore nerudo rwaKristu. Rudo rwechokwadi rwonofanira kuitika kune vese vatinowadzana navo, vangave vechitendero chechiKristu nevasirimaKristu. Muvengi ndiye anokonzera ruvengo kunyeya nemanyepo pakati pevanhu, chinangwa chake chiri chekukonzera nyonga nyonga pakati pavo. Bvumira kuti muite hurukuro dzenyu nerudo, zvokonzeresa kuti vanhu vakawanda vauye kuhusha hwaKristu, anova ndiye mumiriri werudo, rwatinofanirwa kutevedzera.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndichaita hurukuro dzangu dzese nerudo. Ruwadzano rwangu nevamwe rwuchange rwuri rwechokwadi. Ndinoshanda saKristu; ndirimutakuri werudo rwusina munganhu uye hupenyu hwangu hurikuenderera mberi huchibudirira. Amen!

MAVHESI EKUVERENGA

1 Johani 3:16

**VaRoma 13:1**

Munhu mumwe nomumwe ngaazviise pasi pamasimba makuru nokuti haku-na simba risina kubva kuna Mwari, iwo aripo akaiswapo naMwari.

Kana ukanzwisisa chete kuti Mwari vanokoshesa kukudana nekuremekedzana, wotanga kugara upenyu hwako uchizvitevedzera kwese kwaunenge uri, unoono shanduko yakakura ichiitika muhupenyu hwako. Nzira yaunobata nayo nekuremekedza nayo avo vanenge vari pamusoro pako inokonzera kuti usimudzirwe uiswe pachinzvimbo chepamusoro. Bhaibheri rize nevanhu vairemekedzwa uye nekuropafadzwa kweavo vaivaremekedza. Kana uchida kuremekedzwa nekusimudzirwa muhupenyu, unofanirwa kuremekedzawo vamwe.

Mwari vanoremekedza mamiriro ezvinhu akanaka kwete mvonga mvonga, nokuti havasi muridzi wenyonga nyonga. Kana mutungamiri achitonga nyika, semaKristu basa redu rakakura nderekumunamatira. Vamwewo varimuzvinzvimbo zvehutungamiri muhurumende nemunedzimwe nzvimbo vakaiswa ipapo naMwari. Hakuna anoiswa pachinzvimbo zvisingazivikanwe naMwari. Pane chikonzero chinovikanwa naMwari chekuti sei vabvumira vatungamiri kuti vange vari pazvinzvimbo izvozvo. Ko unoropafadzwa naMwari sei iwe usingaremekedze avo vanenge vaiswa pamusoro pako kuti vakutonge? Ukasadzidza kuremekedza nekukudza vakuru kwauri zvisineyi nekuti vanenge vaine makore akawanda sei ekuberekwa, unoramba uripanzvimbo imwe chete usingasimukire. Chinja maitiro ako kana wavepane vakuru kwauri ugoona zvichikusimudzira muhupenyu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoziva kuti kuburikidza nekuremekedza kwangu vamwe, Mwari vachandiremekedza nekundiwedzera. Ndicharama hupenyu hwekuremekedza vamwe. Kubvira nhasi ndirikuchinja mabatiro andanga ndichiita avo varikumusoro kwangu nekuti ndave kuziva kuti vakaiswa pazvinzvimbo izvozvo naMwari.

MAVHESI EKUVERENGA

1 Petro 2:13

**Mateo 25:16**

Immediately the one who had received the five talents went and traded with them and gained five more talents.

Life is a business; you are either recording losses or recording profits. You have to learn how to invest wisely by now; you should know it's the Lord's doing; He has already started the work in you; you must apprehend this and begin to move to new boundaries knowing you have a certain level of grace. The works of your hands shall be blessed, but are you putting your hands to work? You have been granted access to an opening of greatness. How are you managing it? It's about time you start this business that you have long desired and stretch out your net further into the deep.

In this year of Heaven on Earth, the door of opportunities and blessings are opening unto you. Now is the time to go global, especially with the level of connection God has opened up for you. Move by the Spirit of God, don't relent; the fellow in the scripture took immediate action, and he made a profit. That should be your mindset. I speak money to your business, money to your bank account, money to your projects, and whatever you put your hands to do shall prosper. You are entering the coming new month with the grace for speed. No more delays in the name of Jesus. Amen!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

My life will be profitable. I am called to greatness and will advance God's kingdom. I am a financier and a money magnet; I shall succeed in everything I do in the name of Jesus. Amen!

MAVHESI EKUVERENGA

VaRoma 12:6

**2 VaKorinde 5:17**

Saka kana munhu ari munaKristu, wava chisikwa chitsva zvinhu zvakare zvapfuura, tarirai zvose zvava zvitsva.

Paunotendeuka wova muKristu unobva washanduka, unenge usisiri munhu wawakambenge uri. Unogona kuratidzika sezvawakange uripachimiro chako asi munhu wako wemukati anenge avemutsva. Mweya wako unova ndiwe iwe, unenge washanduka. Munhu wemweya wakare anenge asisipo pachinzvimbo chake pave nemweya waMwari. Zvinoreva kuti unenge isisiri wawakambenge uri usati watendeuka asi chisikwa chitsva chakambenge chisipo kare, wavekurarama patsva.

Wakaberekwa kubva kudenga zvichireva kuti mararamiro ako haasisiri epanyika asi akudenga. Saka unofanirwa kugara uchizviza nguva dzese kuti wave wekudenga uye kuti tsika nemararamiro epanerino pasi hazvifanirwe kun'oresa mararamiro ako matsva.

Tsika nemagariro epasi rino inzira dzekurarama nadzo dzisingaunze budiriro, asi iwe hausi wenyika ino. Uri mugari weZiyoni, mumiriri wedenga pane rino pasi. Mapfekero ako mhemberero dzanoita uye matauriro ako kana madyiro ako zvavekubva kuna Mwari. Svinuka uzive kuti uri ani kuburikidza neshoko raMwari, urame hupenyu hwedenga pane rino pasi.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri mumiriri waMweya Mutsvene uye ndakaberekwa nedenga! Handichatongwa nemamiriro ezvinhu panerino pasi, mitemo yepano kana tsika dzacho nekuti hushe hwekwandinobva hwakakura kudarika hwepasi rino!

MAVHESI EKUVERENGA

Mako 7:13

**Dhanieri 12:1**

Nenguva iyo, Mikaeri achasimuka iye muchinda mukuru anochengeta vana vavanhu vako

Guta rese rine mweya yenzvimbo nevatongi vayo. Asiwu, kune vatumwa vakapihwa basa rekuchengetedza maguta. Ndichipa muenzaniso wekuti Mikaeri, muchinda mukuru akange akapihwa basa rekuchengetedza vana valsraeri. Kune vamwewo zvakare vabati vanoita basa rekutonga zvinenge zvichiitika mumaguta neku-konzeresa kuitika kwemhirizhonga mumaguta aya. Ndosaka tichikurudzira maKristu ese kuti agare achinamata. Kana urimuKristi anogara achoinyengetera nguva dzese, unobva wava nechinzvimbo chehutungamiri wepamweya munharaunda yaunenge uchigara, nekuti minamoto yako inopa simba kuva tumwa rekukanganisa mabasa akaipa anenge

achida kuitwa nemadhimoni nemweya yetsvina.

Mubhuku remabasa AvaApostora, tinoona panguva apo Sauro akange asati atendeuka achityichidzira vatendi vechiKristu achida kunovauraya, asi akapotsa kwekuenda nekuti akapinda munzvimbo yakanga izere neminamoto ya Ananiya akange ari mhare yemunamoto arimukuru wenzvimbo yepamweya munzvimbo iyi. Sauro akarohwa nemheni akadonhera pasi rwendo rwekunouraya vateveri vaKristu rwukakona. Ongorora kuti Ananiya akange asina simba raMweya Mutvene sewe anova nemweya waMwari semutendi weTestamente idzva.

Ananiya akange arimunhu wemunamoto, iyo yakakonzeresa kuitika kwemheni kukereke yeDamasikodaPese paunenge uchinamata unenge uchipa ngirozi idzo dzakapihwa basa rekuchengetedza nekurwira guta rako simba. Pese paunonamata ndirikukukurudzira kuti uone vatumwa vachiwana simba kubva kuna Mwari rekukonzeresa kuitikakwemheni. Ita minamoto yako uchideerdzera muguta, utore nharaunda yako mugore rino rehupenyu hwekudenga pane rino pasi!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirimutongi wepamweya muguta rangu. Ndinozadza denga rese neminamoto yangu. Kana ndiripo panzvimbo madhimoni ese anofanirwa kukotama nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA: Mabasa AvaApostora 9:1-20

**Genesisi 1:26**

Mwari akati ngatiite munhu nemufananidzo wedu...

Muguta re New York kuAmerica Kwakatonhora zvikuru zvekuti chando chakadonha change chakanyanyisa kuwanda zvekuti kwakange kusinga-oneke, chakavhara chiyedza. Apo ndirikufunga zvangu pamusoro pekuwanda kwechando chakadonhera pane rino pasi kubvira zvakatangwa nyika naMwari, ndirikunzwa ndichishamisika zvikuru pamusoro pehuchenjeri hwaMwari. Unoona here kuti hakuna makwati maviri echando anodonha anenge akafanana.

Gwati rechando rimwe nerimwe rinenge rakanyatsoumbwa naMwari avovasinga dzokorore kugadzira chinhu kaviri. Mwari anoshamisisa zvekuti bhaibheri rinotiudza kuti

vatumwa vekudenga havazorore siku nesikati vachingodaidzira kuti murimutsvene, murimutsvene, murimutsvene Mwari baba vekudenga (Zvakazarurwa4:8)! Pese pavanoona Mwari vatumwa vanoona chiso chitsva chaMwari chavasati vamboona! Munhu wese akasikwa naMwari, iye Mwari uyu asingadzokorore kuita chinhu kaviri – uye iwe wakasikwa nemufananidzo wake. Hazvishamise kuti sei bhaibheri richiti wakagadzirwa zvinoshamisira nemufananidzo wake (Mapisarema 139:14).

Mwari havazviratidze kuvatumwa chete asi anogara achizviratidza kunevamwe vanhu kuburikidza nechiso chako chakaumbwa zvinoshamisira. Itsika yepanyika kva nezvavanoti zvakanaka kwavari. Asi ndirikukukurudzira kuti usambofa wakazvitarisira pasi, usazviyenzanise nezviyero zvepanyika zvezvavanoti zvakanaka. Iwe wakapfeka chimwe chezviso zvaMwari

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirimumiriri waMwari uyo anoita kuti zvinhu zvese zvinake, kuburikidza nechiyero chake Panguva ino yatiri kurarama hupenyu hwedengapanerino pasi, ndiri chishamisira chakagadzirwa nemufananidzo waMwari. Ndirimumiriri wekubwinya kwavo!

MAVHESI EKUVERENGA: Zvakazarurwa 4:18

**Mako 5:15**

Vakauya kuna Jesu vakaona wakange anemweya yakaipa agere akapfeka munhu kwaye, iye waiva neRegioni, vakatya.

Ukaita masanga naJesu unobva washandura mapfekero aunaita wopfeka zvakanaka. Bvunza murume wekuGadara, uyo aipenga achigira kumakuva asina kupfeka, kusvikira paakazosangana naJesu. Bhaibheri rinoti paakangosunungurwa naKristu, murume uyu akange avekugara akapfeka, asi unombofunga here kuti mbatya akadziwana kupi sezvo magwaro achiti Jesu akange ari ega musi wacho waakasangana nemurume uyu? Urikuzviona here kuti Jesu haana hanya nezvinhu zvishoma chete zvehupenyu hwako asi kuti zvese.

Jesu ndishe, zvichireva kuti anechekuita nezvese zvehupenyu hwako, kunyangwe nembatya dzaunopfeka.

Zvaunopfeka zvinoratidza mweya unotonga hupenyu hwako. Mwari anoda kuti upfeke zvakanaka zvinoenderana nemazuva ano. Saka semunhu werudzi rwaMwari zvaunopfeka zvinofanirwa kuti zvitungamirirwe nemweya waMwari. Kana tiri pasi penyasha, hatitongwe nemitemo yenyika. Panguva imwe chetewo hatirarambe hupenyu hwedu tichiita zvatinoda kwete. Tiri vamiriri vaKristu sezvazvakanyorwa muna 2 VaKorinde 5:20, mararamiro edu anonyorwa achiratidzwa kuvanhu vese. Saka pakuona apa vanhu vanofanirwa kuona mapfekero edu uye kuti zvatinopfeka zvinenge zvichienderana nenguva. Nyika iri kutsvaga zvaisina, uye pavanokuona vanofanirwa kuona zvavasina kuburikidza nezvaunenge uinazvo zvichisanganisira mapfekero ako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoudzwa namweya mutsvene zvandinofanirwa kuti ndipfefe. Ndinopfekedzwa semuprista waMwari anenge zvakare akazodzwa muhumambo.

MAVHESI EKUVERENGA

VaRoma 14:7

**Ruka 4:1**

Zvino Jesu azere noMweya Mutsvene, wakadzokazve achibva paJorodhani akatungamirirwa no Mweya murenje,

Wakaipa muvengi akakundwa kare uye haana simba pamusoro peh-upenyu hwako, kusara kwekunge wamubvumidza kuti aite zvaanoda newe. Pane chinhu chimwe chete chinotwa newakaipa icho chaanobudirira kuita kudarika vatendi vakawanda, kunova kuramba achirwisa. Kunzi wakaipa harisi zita asikuti itsananguro yebasa raanoita. Zvinoreva uyo anoramba achingoyadza chete kusvikira akunda. Ndosaka uchiti ukaraira musoro kuti upore unobva watorwadzisa, apawo ukadaidzira kuti mari irikuuya unoona zvinhu zvave manyama amire nerongo munyaya dzako dzemari. Ko sei zvichidaro, inhu yekuti wakaipa ane nharo, anoramba achirwisa chete.

Jesu paakaenda murenje maaka tsanya kwemazuva makumi mana nehusiku makumi mana, wakaipa akamuyedza nenzira dzakasiyana siyana adzoka, asi Jesu akaramba akashinga kudarika wakaipa. Zvimwe chete newe, unogona kuramba wakashingawo kusvikira wakaipa atiza. Wakaipa imbwa yakare isina mazana matsva. Saka kana uchiziva zvandataura izvi, unogona kumukunda chero ipi nguva zvayo. Kunyangwe zviite sei usashandure zvaurikugara uchipupura, kunyangwe zvikaomarara sei ramba wakashinga uchitaura kuporeswa. Kana vana vako vatanga kuita misikanzwa iwe taura chete kuti inhaka yakabva kudenga kuna She. Enderera mberi nekutaura shoko, unokunda nguva dzese!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Kristu ari mandiri anokonzeresa kuti ndivhundutse wakaipa nguva dzese! Ndiri rimi romoto uye ndakapakata shoko raMwari uye ndiri nyanzvi pakuparadza zvirongwa zve wakaipa. Mugore rino rekurarama hupenyu hwedenga pane rino pasi handisi kudzoka kumashure kana kumira nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

1 Petro 5:8-9

**Zvirevo 23:7**

Nokuti sezvaanofunga mumoyo make ndozvaakaita, Anoti kwauri chidya, chinwa, Asi moyo wake hauna hanya newe.

Zvakawanda zvezvinhu zvaunofunga kuti wadzidza kuyunivhesiti kana kuti kuzvikoro zvefundo yepamusoro unenge usina zvaunenge wakadzidza asi kuti zvinhu zvaunenge wakabata nemusoro. Rwuzivo rwunenge rwave mupfungwa dzako rwunozokubatsira kuti ukunde kana wave kunyora bvunzo. Ndosaka uchiti kana ukapihwa pepa raunenge wanyora iri kwapera makore maviri uchiona uchirifoira. Ndangariro chikamu chepfungwa dzako asi kune dzimwe ndangariro dzawanga usingazive pamusoro pako, idzo dzinowanika mumwoyo mako. Mumwoyo mako mune ma cells anokwana kuita mazana 40,000 uye anonzi

maneurites. Ndiwo anofunga kunzwa uye anoyeuka. Saka bhaibheri richiti sezvaanofunga mumoyo make ndozvaakaita, nekuti mwoyo ndiwo unounza kutenda komunhu (Zvirevo 23:7).

Pauri kuteerera nekuverenga shoko raMwari unenge uchisimbisa pfungwa dzako nemwoyo wako. Ndangariro dzemupfungwa dzako dzinogona kukanganwa zvinova zvimwechete zvinoitika kundangariro dzemumwoyo. Saka zvakakosha kuti uzadze mweya wako neshoko raMwari nguva dzese. Nyanzvi dzezveruzivo rweScience dzakaratidza kuti hazviite kuti munhu akanganwe kana ruzivo rwaanenge ainarwo rwukasangana nepfungwa dzake. Saka paurikunzwa shoko raMwari, dairira nezvese zviru mauri. Bvumira shoko raMwari kuti rirangariwe nezvese zviru mumwoyo mako kuitira kuti usazorikanganwa nekuti rinenge radzimika.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndine shungu nekuverenga shoko raMwari. Shoko ravo rinopa hupenyu kumuviri wangu, uye hutano kunyama yangu. Shoko mandiri rinondizadza nemufaro uye rinoita kuti ndive nerudo rwunofashukira.

MAVHESI EKUVERENGA

VaRoma 10:10

**Mako 14:7**

Nokuti varombo munavo nguva dzose, nguva ipi neipi yamunoda mungavaitira zvakanaka asi ini hamuneni nguva dzese.

Marudzi ese pasi rese anevanhu vano-tambudzika pakurarama kwavo, uye hurombo ndiho hunoita kuti vatarisirwe pasi neveruzhinji. Havireve kuti kunenge kusina mari yekuvabatsira pakurarama kwavo kwete, nekuti nyika izere nezvakawanda. Chinoita kuti vararame nehurombo inyaya yekuti hurombo chombo chinenge chichishandiswa nevanhu vakaipa kuti vadvanyirire nacho vamwe.

Kana naJesu akataurawo wani akati varombo muchagara muinavo pakati penyu, asi ukaongorora vhesi iri harsi kuti uchange uri mumwe wevanhu ava, asi kuti akati iwe ndiwe unofanir-

wa kubatsira varombo. Jesu haana kumbozviti aiva murombo kwete, kana kamwe chete haana kumbodaro! Akaratidza musiyano wakanga uri pakati pave nevarombo. Akati, "varombo munavo nguva dzose... ASI hamuneni nguva dzese."

Ainyatsopatsanura achiti handisi mumwe wevarombo, zvakare aiti iwe hausi muromo. Nyatsoziva kuti uri ani muna Kristu. Hazviite kuti unge uri mavari asi wozviti urimurombo. Hazvimbofa zvakaitika! Tenda zvirikutarwa neshoko raMwari pamusoro pako kwauri. Hausi murombo kwete nekuti Kristu akakuita mupfumi! Zvitaure kusvikira wazvibata wave nazvo.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoshandisa mikana yese yandinowana muhupenyu uye ndinoshandisa kutenda kwangu kuti ndifore hupfumi hwangu. Saka mari ine nge iri mumabhanga anhu ndiyo ichapupura pamusoro pehupfumi hwangu. Handimbofa ndakabhuroka. Ndichabatsira varombo asi handimbofa ndakava mumwe wavo, nezita guru raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

2 VaKorinde 8:9

**Ruka**

Vakati vamushaiwa vakadzokera Jerusarema vachimutsvaka.

Jesu paakange ave nemakore gumi nemaviri ekuberekwa, vabereki vake vakamutora vakaenda naye kuJerusarema uko kwakange kuina mabiko ePasika. Yakanga iri tsika yavaiita gore rega rega (Ruka 2:41-42). Asi pagore iri pane chiitiko chinoshamisa chakaitika. Vabereki vaJesu pavakange vave kudzokera kumba vakazoonza vave kumba kuti akange asina kudzoka pamwe chete navo, Chakashamisa apa ndechekuti vakaswera zuva rese vasina kucherechedza kuti akange asina kudzoka navo.

Bhaibheri rinotiudza kuti vakadzokera kuJerusarema vapedza mazuva matatu vachimutsvaga, ndokubva vamuwana arimutsvageri (Ruka 2:46).

Zvinokatyamadza kuti sei vabereki vake vasina kuzviona kuti vakange vasiya mwana wavo akakosha kudaro. Asiwu zvaunoonza, zvinoitika kakawanda kutadza kushaya Jesu. Unogona kunge usina Jesu usingazvize. Asi Ishe vanokuvimbisa kuti havakusiye uriwega, zvave kwauri kuti pasave nechinhambwe chakakurisa pakati pako navo.

Hauna chikonzero chekusaverenga bhaibheri rako, iwe uchikwanisa kuwadzana navo kuburikidza nekuverenga shoko ravo nguva dzese. Kana uchida kunzwa izwi raMwari namata. Dzokera kumudiwa wako wekutanga sezvazvakanyorwa muna Zvakazarurwa 2:4-5. Usarare usina kutaura naMwari kana kuwana nguva yekuwadzana navo. Ukagara uchidaro hauzovatsvaga nekuti vanenge vainewe vakakumirira.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Kuzvipira kwangu kuna Mwari hakumbofa kwakaderera. Ndirikudzika nemunamato uye izvi zvirikuwedzera kudiwa kwangu naMweya Mutsvene, zvichiwedzerawo moto waMweya Mutsvene pandiri. Ndiri kutema chirevo chekuti ndirikupisa!

MAVHESI EKUVERENGA

VaRoma 8:38-39

**Ruka 18:1**

Zvino wakavaudza mufananidzo wokuti vanofanira kunyengetera nguva dzose vasingarashi moyo.

Muhushe hwaMwari hakuna vashandi vanoita basa risina kukosha. Munhu wese anebasa rekuita, uye basa guru raunogonakuwana mukereke nder-ekunamatira kereke. Kunyengetera ndiwo musimbotti wechiKristu. Ndiyo imwe yenzira dzatinogona kushandisa kana tichiwadzana naMwari, uye ndiyo nzira inoshandiswa kuti Mwari vapindire vachigadzirisa matambudziko anenge aro munyika. Usatarisire pasi simba rako paunenge uchinamata.

Paunenge wave kunyengetera vatumwa vanowana simba rekuita naro basa radzo. Kuburikidza neminamoto Mwari vanopidigura mamiriro anenge akaita zvinhu, vokanganisa zvirongwa

zvevavengi! Bhaibheri rinoti vanhu ngavanyengetere nguva dzese vasinganete. Zvinoziva kuti paunenge usinganamate unenge uchineta, uye hakuna nzvimbo mumauto aMwari enhengo dzeuto dzinokotsira pabasa. Basa ratakapihwa nderekuti tinamate, uye hazvina kusarudzwa kuti ndiyani anofanirwa kunyengetera munhu wese anofanhirwa kunyengetera nguva dzese.

Saka ona kuti unoshandisa mikana yese yaunowana yekuti unyengetere. Munyengetero unokupa simba rekurwisana naro huchenjeri hwese nemazano ese emuvengi. Muvengi haanete asi Mweya mutsvene anokupawo simba rekusaneta. Munyengetero hauitwe kana zvese zvakona kwete. Unokubatsira kuti usadonhe! Mugore rino rekurarama hupenyu hwedenga pane rino pasi handisi kudonha!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri chombo chaMwari chekurwa nacho. Ndakatsigirwa neparamende rekudenga, uye minyengetero yangu itori zvombo pachazvo. Pandinonyengetera, mamiriro ekunze anoshanduka, hurumende dzinozuzika uye madhimoni anotsvaga kwekuhwanda!

MAVHESI EKUVERENGA

Jakobo 5:17

**Mapisarema 105:14-15**

Haana kutendera munhu kuvaitira zvakaipa, Zvirokwazvo wakatuka madzimambo nokuda kwavo. Achiti Musagunzva vazodzwa vangu Nava-Profita vangu, musavaitira chakaipa.

Kuti Kristu hazvireve kuti izita raJesu rechipiri kana kuti redzinza rake. Kuti Kristu zvinoreva akazodzwa uye zvinoreva kuti uyo ane zodzo. Bhaibheri rinotidza kuti muKristu wese arimuna Kristu, uye muKristu wese akazodzwa. Saka kana Mwari vachiti usabate vazodziwa vangu vanenge vasingareve maApostora, vafundisi vekereke, maporofita nevamwewo vanezvigarro mukereke. Vanenge vachireva iwe, Uye zvinonzwikwa pakubatwa apa hazviitwe neanenge achibata wacho asi neanenge abatwa wacho.

Izvi zvinokupa simba rakanyanya, nekuti unoita sarudzo yekuti unonzwa sei kana uchinge wabatwa. Mumwe munhu anokubata nenzira yakasiyana nekuti anogona kubata mari yako, kana kushoresa zita rakoiwe woshaya hanya nazvo, iwe ndiwe unosarudza kuti mabatirwo aunenge waitwa unenge uchiada here kana kuti kwete. Zvinoita kuti uve munhu anenjodzi! Mwari havabvumidze chero ani zvake kuti akugunzve zvoopera zvakadaro.

Kana mukuru webasa rako achida kukudzinga asj iwe usacheme, nekuda kwezodzo iwe ndiwe unomudzinga basa racho. Kana ukarambirwa kupihwa visa, chibvumirano kana contract iwe varambidze ivo kushanda!" Hazvinei juti mukuru wako webasa chero upi anenge aine chinzvimbo xchepamusoro kwauri, haubatwe!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirimuzodziwa. Ndinoshanda muchiporofita. Ndinopisa handibatike. Ukandibata chete unobva wopera!

MAVHESI EKUVERENGA

2 VaKorinde 1:21-22

**1 Samueri 3:1**

Zvino mwana Samueri waibatira Jehovha pamberi paEri. Asi shoko raJehovha rakanga richinzwika kashoma pamazuva iwayo Jehovha wakanga asingazviratidze pachena

Mari haina kuipa kwete uye ndiriku-
da kutsanangura kuti se ndichidaro.
Dai mari yanga yakaipa, wakaipa ai-
siya uchiwana yakawandisa. Wakai-
pa haarwisane nechinangwa chake.
Anorwisana nechinangwa chaMwari.
Saka kana achirwisa kuwana kwako
mari zvinorevakuti kupfuma kwako
kwakakosha uye kuti Mwari variku-
da kuti upfume. Bhaibheri rinotaura
pachena kuti Mwari vanodissa kuti up-
fume (3 Johani 1:2) uye kuti urame
uine zvakawanda.

Mwari Havana dambudziko naz-
vo kana uchidakuwana mamiriyoni
akawanda emadhora. Varikuda kuti

upfume! Chavanoda kuziva chikonzero chekuti sei uchida mamiriyoni emadhora. Unofanira kuziva kuti Mwari vanoisa ropafadzo ravo pavanowaba zvakawanda, Hana ainzwisisa mashandiro aMwari akakonze-resa kuti Mwari vamupe vzaaida.

Bhaibheri rinoti shoko raMwari rakange risingawanikwe nekuti kwakange kusina muporofita munyika yelsraeri. Hanna aida mwanakomana, ukuwo Mwari vaida muporofita. Saka Hana akaita dhiri naMwari: akati kana mukandiba mwanakomana ndinokudzoserai kuti avemuporofita wenyu Mwari vakabvumirana nazvo! Ko iwe nei uchida kupfuma? Chinangwa chako chinebasa. Kana Mwari vaine zvavanowana kumamiriyoni ako emadhora, mamiriyoni acho anotouya chete!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mari yangu irikuramba ichiuya nekuti hwaro hwehupenyu hhwangu ndehwekuva nemamiriyoni akawanda emadhora, uye mari yangu ine basa rekuita. Ichashandiswa kukudza hushe hwaMwari, Saka ndichabudirira munyaya dzemari. Ndinopfuma chete ndorarama hupenyu hwedenga panerino pasi!

MAVHESI EKUVERENGA

Zekariya 1:17

**Jakobo 4:9-10**

Suwai mucheme muraire kuseka kwenyu ngakushandurwe kuve kuchema nokufara kwenyu dzive shungu. Muzvininipise pamberi paShe agokukudzai.

Kuzvikudza ndiwo manyepo aunozvidza pamusoro pako uye chakaipira kuzvikudza ndechekuti kunohwanda zvichingonzi zvinenge zvichiitika panguva iyiyo zvinenge zvisina basa. Semuenzaniso unonzwa vanhu vachiti ndinonyara, kana kuti handidi kuenda pamberi kana kuti handidi zvekungoonekera onekera" Zvese izvi inzira dzakavanzika dzinohwandisa kuzvikudzakunenge kuri pamunhu, uye dzinoshandiswa kana munhu asina humhare maari

Asi hakusi kushaikwa kwehushingi kwatirikuona apa. Tirikuona munhu anenge achida kuzvuchengetedza, asi asingade kuchengetedza Mwari. Kuzvikudza inzira inoshandiswa kana munhu achiramba kuiteerera uye kunokura kuchiva kupokana nezvinenge zvichinzi zviitwe Kuzvikudza ndiko kwakakonzeresa kuti wakai-pa adzingwe kubva muhuvapo hwaMwari, zvikaite kuti atumidzwe zita rekuti ndiye baba wenyonganyonga. Kune rumwe rutivi Jesu akazvininipisa, zvikasimbisa kuteerera kwake.

Jesu akabva panzvimbo yaakange agere zvakanaka akauya panyika, akazviita semuranda (VaFiripi 2:7). Akange asina nguva yekuti anyare kana kutya. Basa rake rakamusimudza, akaita mukurumbira. Siyana nekuzvikuudza kana kunyara, Mwari vagoratidza basa ravo mauri, uko kuchaonekwa nenyika yese!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndave kuratidza kubwinya kwaMwari kuri mandiri kuburikidza nekubvisa kwangu kunyara nekuzvikuudza. Handiye zvinofungwa nevanhu pamusoro pangu. Ndinoraramira kufadza Mwari vega uyekuzvininipisa kwangu kunondipa simba!

MAVHESI EKUVERENGA

Mateo 5:16

**2 VaKorinde 13:14**

Nyasha dzashe Jesu Kristu norudo rwaMwari nokuyanana kwomweya Mutsvene ngazvive nemi. Amen.

Ndakagara kwemakore akawanda ndisingazive kuti Mweya Mutsvene munhu anorarama. Ndaiverenga nezvake mumagwaro; ndaiparidza pamusoro pamweya mutsvene uyu, asi huvepo hwake ndakazohuziva mumwe musu pandakasangana nayye, izvo zvakaita kuti ndizive pasina kufungidzira kuti aripo, uye kuti anorarama. Ndakanga ndakagara zvangu muimba yekutandarira mumwe musu, apo pakavanekupenya kwakangoerekana kwaitika chiyedza chikapinda mandakanga ndiri, chiikashanduka kuva munhu. Munhu uyu akagara pamberi pangu akazvizivisa kwandiri achiti: "Ndiri mweya mutsvene!"

Mweya mutsvene haasi moto, mhengo mvura kana njive. Uku kuyedza kwemunhu kutsanangura nzira dzaanoshanda nadzo. Kumutsanangura seizvozvo kumudzikisira nemuti atori munhu anehunhu hwake hunonyatsoonekwa. Ndiye ega anokwanisa kuzarura mwoyo wako kuti uzive kuti Jesu ndiyani. Unogona kugara naye, wodyazvekudya zvako zve-masikati naye, unogona kuseka naye uye kukurukura naye pamusoro pehurongwa hwako nemifungo yako.

Unokwanisa zvakare kumubvunza mibvunzo pamusoro pezvaunenge waverenga mubhaibheri nezvaunenge usinganzwisiwe. Unogona kugoverana naye zvinhu zviripamwoyo wako zvakavanzika. Hakuna hupenyu hwakadzika hwaunokwanisa kuti urame kana usina hukama naMweya mutsvene.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mugore rino rekurarama hupenyu hwedenga pane rino pasi ndichamuziva semunhu ndonyatso nakirwa zvangu ndichishamwaridzana naMwari nenzira isati yamboitika. Ndiri shamwari yaMwari.

MAVHESI EKUVERENGA

Johani 14:16

**VaEfeso 1:21**

Kumusoro soro kwavabati vose nohukuru nesimba nohushe namazita ese anorehwa pasati pari panyika, asi paneinozouyawo:

Chokwadi chiri maererano nekuvapo kwako muna Kristu ichokwadi chine simba! Pafunge kana uchigara mukati mechimwe chinhu, kugona kwacho kwese nezvachinwana zvinobva zvaiva zvakowo. Bhaibheri rinotiudza kuti Kristu agere parutivi rwababa vedu kudenga, pamusoro pavabati, nohukuru nesimba nohushe hwese namasimba ese anorehwa pasati pari panyika. Jesu paari ndipo pauriwo.

Saka chokwadi chiri pamusoro paJesu ndechakowo, kwete panguva irikutevera chete asi nazvinowo! Izita

ripi raungafunge nezvaro? Hazvinei kuti chii chinenge chine zita kana ripi zvaro, uri pamusoro pachu. Hurombo here? Uripamusoro paho. Kokukundikana, kana chirwere chegomarara kana humwe hurwere hunenge hwashairwa zita naChiremba? Zvese izvi uri pamusoro pazvo! Ko kusawirirana muwanano yako, kushaikwa kwebasa, kugumburwa, kusuruvara, kana kutya – uri pamusoro pazvo zvese! Zvinhu izvozvo hazvikwanise kukubata, asi kana wazvibumidza wazvidzikisira ukazvienzanisa nazvo kuburikidza nemafungiro ako nezvaunotaura. Chengetedza chinzvimbo chako chezororo nesimba. Rangarira nguva dzese kuti unogara pai. Uri munaKristu. Hapana chinokubata!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Simba rangu riri panzvimbo yandiinayo muna Kristu. Ndakagara naye uye ndakachengetedza nzvimbo yangu yezororo maari. Handina chinondinetsa nekuti hakuna dhimoni rinogona kundibata. Ndinoramba kuzvidzikisira. Hukuru hwangu huri kuoneka. Ndakaberekerwa kuva nehupenyu hwepamusoro!

MAVHESI EKUVERENGA

VaEfeso 1:17-23; 1 Johani 4:17

**Mateo 6:20-21**

Asi muzviunganidzire pfuma kudenga pasina zvipfukuto nenguva zvinopedza, pasina mbavha dzinopaza dzichiba

Hazviite kuti mwoyo wako utevere Mwari uye ndirikuzviziva kuti zvandirikutaura zvigamuchirike zvichikonzerwa nematauriro anoita vanhu. Unonzwa vanhu vachiti murume uyu kana kuti mudzimai uyu anga aine mwoyo wakanaka, asi bhaibheri richiti mwoyo wemunhu unehunyengeri uye unoda zvikuru kuita zvakaipa (Jeremiya 17:9). Saka dai mwoyo wemunhu waibvumidzwa kuita zvaunoda pasina shoko raMwari, waisarudza kuita zvakaipa. Zvinodiwa kuitwa nemwoyo wako ndizvo zvinokonzeresa kuti zvikone kuti mwoyo wako uve pedyo naMwari.

Saka waita sei kuti uswedere pedyo naMwari? Unogona kumanikidza mwoyo wako kuti utevere zvinodiwa naMwari. Sei? Kuburikidza nezvaunoita nepfuma yako. Mwoyo wako unotevera kune pfuma yako. Asi pfuma yako chii? Mari yako, zvakakosha hupfumi zvese zvinenge zvakakukoshera! Zvaunoshandisra mari ndizvo zvnoratidza kuti mwoyo wako uripedyo naMwari vakadii. Mwoyo wako unotevera pfumamari. Saka kana Mwari vakakukurudzira kuti ipa zvegumi nezvipiriso uye kuti ushandise mari yako mukusimbisa hushe hwavo pane rino pasi, vanenge vachikupanzira yakavanzika yekuti uswedere pedyo navo. Pese paunopa kuna Mwari unenge uchizvigadzira nzira inozorondwa nemwoyo wako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Zvese zvandiinazvo ndezvaMwari. Mwari vanowana ini ndakazvipira kuita zvese pese pavanotsvaga munhu anopa nekukurumidza uye achifara.

MAVHESI EKUVERENGA

2 VaKorinde 9:7

**VaEfesu 4:29**

Mumuro mo menyu murege kubuda shoko rakaora asi rakanaka ringasimbisa pakafanira rivigire nyasha avo vanonzwa.

Vanhu vakawanda varikutamiswa kubva mudzimba dzavanogara neku-da kwemakomo etsvina inongoraswa pedyo nedzimba. Dzimwe nzvimbo dzakazara netsvina iyi zvekuti unotanga kunzwa kunhuhwa kwetsvina usati wawona mahombekombe egungwa.

Kune imwe nzvimbo yakakomberedzwa nenzizi, asi kumuro mo yenzizi idzi kwakavharwa netsvina inogona kukonzera hurwere. Hutsanana hwakakosha muhupenyu uye vanhu vanofanirwa kugara munzvimbo dzakashambidzika dzine hutsanana kuitira kuti vasaite zvirwere uye kuti vagare vakasununguka. Hutsanana

nekushambidzika zvinochengetedza hupenyu, nekurebesa makore ekurarama.

Mwari vakaisawo nzira yekuti muviri wako ubuditse tsvina kana ichinge yavepo, kuitira kuti muviri urame kwenguva yakareba. Mwari vakakupawo nzira yekushambidza nayo mashoko anobuda mumukanwa mako kubudikidza neshoko ravo iro raunokurudzirwa kuti uriverenge uritaure ushambidze mashoko anobuda mumukanwa mako naro. Mashoko anobuda mumukanwa mako anofanira kupa hupenyu neraramo kuhupenyu hwako nevamwe. Saka chengetedza hupenyu hwako ubvise tsvina yese kubudikidza nekutaura kwako shoko raMwari raunge waverenga, worega kutaura zvinhu zvisina maturo.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Muromo wangu chitubu chemvura yehupenyu. Wakachengeterwa kutaura mashoko akanaka anovaka. Ndinoramba kutaura mashoko Ndinoramba kutaura mashoko asatani neku ti akasviba. Muromo wangu wakashambidzwa kuti upe mbiri kunaMwari nekundiunzira zvakanaka muhupenyu hwangu.

MAVHESI EKUVERENGA

VaEfesu 4:22-32

**Mateo 5:14**

Imi muri chiyedza chenyika. Guta rakavakwa pagomo haringavigwe.

Nziyo dzinoimbwa nevatendi vakawanda dzine chinangwa chakanaka asi dzakawanda dzacho dzine zvirovo zvisirizvo! Kubvira tiri vadiki tinodzidziswa kuimba nziyo asi zhinji dzacho hadzienderane neshoko raMwari. Semuzaniso kune rwiyo rwunoimbwa nevana vadiki rwunonzi, Aka kamwenje kangu rega kapfute, uye kanoimbwa nemaKristu, Nziyo dzakadai dzinoreutsa zvafiri chaizvo muna Kristu. Ishe Jesu vakati ndivo chiyedza chenyika (Johani 8:12 KJV). Pedzezvo vakaita chiziviso kwauri neni kuti tiri zviyedza zvenyika ino. Maguta akavakwa pamakomo asingavigwe.

Hapana chinoshoreka pauri. Uriguta iwe rakatozvikanire nekuti mauri munezvipatara, migwagwa mabhanga zvikoro, nzvimbo dzakudyia nzvimbo dzekushandira nezvimwe zvakadaro! Uri chiyedza chakaiswa panzvimbo yakanaka pakareba, zvekuti nyika rese inoona zvawakanzi naMwari uve. Saka usazviise munzvimbo dzepasi kana kutwunhu tudiki. Une chiyedza chakakurisa chisingavigike!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirichitedza munyika yemweya uye chiyedza change ha-chidzimike. Ndiri kugadzirisa zvese zvainentetsa mumhuri yangu nenzvimbo yandinogara. Nyika yese inwana mhinduro kubva kwandiri.

MAVHESI EKUVERENGA

Isaiah 60:1-3

**Zvirevo 12:18**

Mumwe ariko anotaura nokusarangarira zvinobaya somunondo, Asi rurimi rwowakachenjera rwununoporesa.

Tirikugara pamazuva ekuti vanhu mazuva ano varikukoshesa kutaura zvanoda kuona zvichiitika kwavari. Vanhu vave kuziva kukosha kwekutura kuti zvanoda zvivepo muhupenyu hwavo. Iyi inzira yakasikwa naMwari yekushandisa nayo ruzha kusika zvaunoda uye inobatsira vatendi vechiKristu nevasinga tende. Asi isu takapihwa nzira yakasanangurika yepamusoro yekushandisa nayo ruzha. Bhaibheri rinotiudza kuti tinozvinatsa kana tichitaura nendimi 1 VaKorinde 14:4). Kutaura nendimi kunobatsira pane zvese zvaunenge uchida kuti zvishanduke muhupenyu hwako. Unogona kushandura hunhu hwako, kunz-

wa kwako zvepamweya kana kuti hutano hwako.

Vara rekuti kunatsa rinoreva kuvaka kana kugadzirisa imba yako. Vara rekuti imba mumagwaro rinoreva mumuviri wako. Saka kana pachinge paine chinenge chakanganisika pamuviri wako, unokwanisa kuzvigadzirisa, kuporesa nekuusimbisa kuburikidza nekutura nendimi. Iyi ndiyo nzira yedenga yekugadzirisa nayo hutano hwako kana ukaona wave nezviratidzo zvehurwere pauri. Ndimi inzira yepamusoro yekutema nayo zvirevo kudarika kumwe kutaura. Unogona kunamata nendimi chero kupi kwaunenge uri uye chero nguva. Pauri kunamata, namata uchinzwisisa zvaunenge uchinamata, woisa pfungwa dzako pamuviri wako waunenge uchida kuti upore. Ona chirwere ichocho chichibuda mumuviri wako. Ukaramba uchizviita, unochengetedza kuporeswa kwako, uye unogara usina chirwere mumuviri wako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndine mweya wakakura unogara mumuviri wangu. Pandiri kutaura semutauriri waMwari ndirkushandisa mutauro usingazivikanwe newakaipa. Zvirikuitika muhupenyu hwangu zvirikuen-derana nehurongwa hwaMwari pamusoro pehupenyu hwangu.

MAVHESI EKUVERENGA

1 VaKorinde 14:4

**Mako 4:24**

Zvino akati kwavari, Chenjerai zva-munonzwa, chiyero chamunonyorera naco nemi, nemi muchayerwa nacho makawedzerwa

Mashoko aunotaura anesimba !Mararamiro aurikuita hupenyu hwako nhasi akaumbwa nemashoko awakataura kare, kana kuti akataurwa pamusoro pako nemumwe munhu. Saka zvaka-kosha kuziva waunotaura naye, Chokwadi ndechekuti waunonzwa achitaura ndiye akakosha nekuti mazwi aanotaura ndiwo aunodzokororawo. Izvi ndizvo zvinoita kuti nziyo dzive nesimba Unoona nziyo ichidzokorora dzokorora mashoko mamwe chete zvoita kuti inakidze. Mashoko iwayo ndiwo anokuunzira zvaunenge wataura.

Mashoko aunonzwawo anezvaanoitawo muhupenyu hwako. Wakamboziona here wave kuimba rwiyo rwaunenge usina kuronga kuimba. Zvibvunze kuti Zvakabva kupi Rwunogona kunge rwuri rwiyo rwawakanzwa kare usati watambira Kristu satenzi nemuponesi wehupenyu hwako. Sei zvichiitika? Nekuti mashoko acho akapinda mauri. Ndosaka uchi-fanirwa kusarudza zvinhu zvaunonzwa. Kana tavekutaura nezveshoko raMwari sarudza rimwe chete rakakodzera. Kuteerera izwi rimwe chete kunopedza kuvhiringidzika uye zvinoita kuti mweya wako uite hoche koche nemunhu iyeye. Unoona wave kutaura zvanotaura, uye simba remashoko avo rinobva raitawo simba rako. Shandura mazwi aunonzwa, unoshandura zvaunofunga nekutaura. Shandura zvaunotaura ushandure hupenyu hwako!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinotaura zvinotaurwa nebhaibheri pamusoro pangu sechisikwa chitsva. Ndirikuumbwa nemweya waMwari uye hupenyu hwangu hurikusikwa neshoko!

MAVHESI EKUVERENGA

Zvirevo 22:17-18

**Genesisi 2:22**

Norumbabvu urwo Jehovha Mwari rwaakatora pamunhu akaita mukadzi narwo akamuisa kumunhu.

Kunyangwe nazuva ano kuine mamwe maonero nemaitiro pakurarama wanano yakagadzirwa munhu naMwari. Mwari vakati hazvina kunaka kuti munhu ararama ari ega (Genesisi 2:18), akabva amugadzirira mubatsiri wekugara naye 'Mubatsiri zvinoreva munhu aizogadzirisa zvese zvakange zvisina kukwana pamunhu. Ongorora kuti munhu akange asingazive kuti akanga ari ega asi ainzwa kuti pane chakange chisipo paari, Izvi ndizvo zvakasunda Mwari kuti vamugadzirire mubatsiri, Saka wanano haiifirwe kuti uri wega kwete, inogadzirisa zvawakanzi naMwari wakasurvara.

Wanano chironzwa chakaitwa naMwari chekuti kuwanikwe zvakange vasiyirira pavakagadzira munhu. Yakange iri nzira yekupedza kusurvara kwemunhu. Kunyangwe Adhamu aiwadzana naMwari mazuva ese, akange ari ega, izvo zvakanzi na Mwari zvakanga zvisina kunaka. Mwari vakagadzirisa dambudziko iri kuburikidza nekugadzirira Adhamu munhukadzi. Mwari Havana kutora munhukadzi kubva mavari kwete asi vakatora mbabvu mukati maAdhamu, vakaishandisa kugadzirisa nayo munhukadzi. Munhukadzi akagadzirirwa munhurume, uye akaunzwa kumurume. Hakuna wanano isina munhurume nemunhukadzi, vamwe vese varikupokana nemasikirwo ezvinhu aya ndiri kuti: "nyarara, bhaibheri riri kutaura!"

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirikubvimirana nehutongi weshoko raMwari pamusoro pehupenyu hwangu, saka wanano yangu irikutapira. Handikundikane mukugarisanana nekuwadzana kwangu nevamwe. Ndiri kutema chirevo chekuti wanano yangu yakacheneswa nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

1 VaKorinde 11:8-9

**Mako 7:9**

Akati kwavari, zvirokwazvo munoramba murayiro waMwari kuti kuti muchengete tsika dzenyu.

Vamwe vanhu vanoenda kurushando nekuti yagara iri tsika yemumhuri yavo kuti vadaro sezvo zviru zvinhu zvavakakura vachiona amai vavo kana kuti ambuya vavo vachiita. Vamwe vanoendera kuti hama yavo ndiye anenge arimufundisi pakereke, Kuenda kukereke hakufanire kunge iri tsika. Unofanirwa kusundwa naMweya Mutsvene neshoko raMwari. Unofanira kunge uine huchenjeri hwepamweya kuti uzive kereke yaunofanira kupinda. Bhaibheri rinoti Mwari vaiwedzera vanhu vaiuya kukereke zuva rega rega (Mabasa AvaApostora 2:47). Saka Mwari ndiye anokuponesa okuratidza zvakare kereke yaunofanirwa kupinda, kwete kuti unotevera kunopinda ambuya vako.

Kutevedzera tsika hakuna zvakunopa. Zvinongoitwa chete kwekanguva asi pane pazvinogumira. Kutevedzera tsika kwakasimba kudarika kutevera shoko raMwari, zvekuti Jesu anosvika pakuti nenhau yekutevedzera tsika, vamwe havakoshese shoko raMwari, asi kana wave muKristu unofanira kukoshesa shoko raMwari kudarika tsika. Mwari mukuru kudarika tsika nemagariro evanhu kana zvinotevedzera nedzinja. Saka kana ukanzi sarudza pakati petsika neshoko raMwari iro rinozunzira budiriro, sarudza shoko raMwari. Dzinza rako richakutenda muneremangwana kana ukasarudza shoko raMwari.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri kutema chirevo chekuti hupenyu hwangu hurikufamba nekuti ndirisimbi yakazodzwa mafuta ndichifamba ndakananga kwandakanzi naMwari ndinge ndiri. Ndinobudirira uye mhuri yangu mari yangu neremangwana rangu zvachengegetedzwa nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

VaHeberu 10:23



ZUVA.

Genesisi 1:16

Mwari akaita zviyedza zvikuru zviriri, chikuru kuti chibate hushe masikati, nechidiki kuti chibate hushe mahusiku nenyeredziwo.

Zuva ndichimwe chezvinhu zvikuru zvirimo mudenga, Rakakura zvekuti mamiriyoni akawanda enyika anogona kukwana marii. Chimboedza kufunga pamusoro pemakuriro aro. Dai zuva richienzaniswa negomo reEverest, nyika yaiita sebhora regorufu zvi-chienzaniswa negomo iri. Kwozoti pakupisa rinoita zviuru zvishanu nemazana mashanu pakupisa kwaro(5,500 degrees Celsius (10,000 degrees Fahrenheit), kwozoti pakati paro rinopisa mamirioni gumi nemashanu(15 million degrees Celsius (27 million Fahrenheit). Asi Mwari mukuru zvekuti anoburitsa

Hukuru hune zvinhano zvakasiyana siyana. Kune vanhu vanoshuvira kuona mutungamiri wenyika, uye kune vanhu vanoda kudikanwa kuonekwa nemutungamiri wenyika. Koi we ungatadze nei kuda kuonekwawo nevamwe? Mwari vakakupa zvese zvinokusimudzira kuti uende pachinzvimbo chepamusoro soro. Vakakugadzira nemufananidzo wavo uye ivo vakurusa! Zvese maererano newe zvinofanirwa kuti zvikure, zvienderane nehukuru hwaMwari. Nyatsoshandisa zvese zvauinazvo zvinoita kuti uve mwana waMwari, uratidze nyika makuriro awakaita. Funga zvinhu zvikuru mugore rino rekurarama hupenyu hwedenga pane rino pasi nekuti una Mwari vakuru vanogara mauri!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Chinzvimbo change chirikusimukira . Avo vaimditarisira pasi havasisina sarudzo asikuti vandiye mure. Handifunge zvinhu zvidiki! Ndirikutora chinzvimbo change munyika yemweya, muhurumende, mandigere uye nemumhuri yangu. Ndirimuhombe ini!

MAVHESI EKUVERENGA

Dhanieri 11:32

**Mateo 7:9**

Munhu ndoupiko kwamuri kana mwana komana wake akakumbira chingwa ungapozompa dombo?

Mwari ndiye anowanzopihwa mhosva kana pachinge pakanganisika zvinhu munyika nemuhupenyu hwevanhu. Makambani elnsurance ndiwo anowanzoitika kamusambo kakadai nekuti chese chakaipa chinenge chaitika vanowanzoti "kuda kwaMwari." Vanhu kana vachinge vawirwa nenjodzi, kuwirwa nedambudziko kana kuva nehurwe, vanowanzotanga nekupa Mwari mhosva. Ndoda kuti kana ukasangana nechero chipi muhupenyu rangarira nguva dzese kuti Mwari akanaka.

Ukaziva pamusoro pekunaka kwaMwari unenge wawana chizaruro chakasimba zvikuru sei kana uchisangana nematambudziko Ndibaba

vakanaka vanopa zvese zvatinoda, uye havaitire kuti unenge uine chinhu chakanaka chaunenge waita kwete, vanokupira kunaka kwavo NdiMwari vakanaka! Saka kana zvazvehutano hwako havadi kuti ungaporeswa chete.

Jesu anoti kuporesa chingwa kwaari; uye tumedu twechingwa ichi twunoita zvishamiso (Mateo 15:26-28). Mwari vakakupa zvakanakanda kudarika chingwa: Vanoda kuti uwane hutano hwedenga! Saka kana ukarwara, funga nezvekunaka kwaMwari. Taura shoko kusvikira zviratidzo zvese zvehurwere zvapera mumuviri wako. Enderera mberi uchingotaura shoko ravo kusvikira wawana kunaka kwavo kuburikidza nekuwana kwako hutano hwedenga mazuva ese.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Shoko raMwari ririkundiunzira hutano kumuviri wangu. Chokwadi chaMwari chirikusunungura muviriwangu kubva kumarwadzo ese andiinawo. Ndasunungurwa kubva mukuparadza kwehurwere, nematenda nezita guru raJesu!

MAVHESI EKVURENGA

Mateo 15:21-28

**VaRoma 7:19**

Nokuti zvakanaka zvandinoda handizviite asi zvakaipa zvandisingadi ndizvo zvandinoina.

Kuda kwako zvinhu zvinokonzeresa kuti uite chivi hazvikanganwikwe nezvazvo asikuti unozvitsiva nechimwe chinhu. Ndosaka mumagwaro avo Mwari vasina kukuudza kuti bvisa maitiro ako akaipa nepfungwa dzako dzakaipa. Vakati zviitsive nezvakanaka zvavanoona kuti zvakanakira sechisikwa chavo chitsva (VaEfesu 4:22-27). Kana ukaisa pfungwa dzako dzese pakuedza kusiya zvakaipa, zvausingade unokundikana.

Vhesi redu ririkuti: pandinoda kuita zvakanaka handizviite; pandinoedza kusaita zvakaipa ndinongozviita.

Tave kurarama muhupenyu hakadzika, uye unemubvunzo mumwe chete unoramba uchikuteverera ndewekuti, urikuda kuenderera mberi here nezvakaipa zvako kana kuti Kristu? Izvi ndizvo zvinonetsa maKristu akawanda, asi pane imwe nzira yekukunda nayo kuda kwako kuita zvakaipa.

Chako kuwedzera shoko mukati mako, iro rinonotsiva zvinhu zvausisade muhupenyu hwako nekuti chiyedza chirimushoko chinodzinga rima rese. Unoda shoko raMwari iro rinopedza zvirikukunetsa mumwoyo wako. Kana urikunetseka nenhau yeruchira, verenga mavhesi anotaura nezvekucheneswa. Kana uchinyepa verenga mavhesi anokukurudzira kuti ushandise muromo wako zvakanaka, zviriri zvechokwadi. Wana zvauri kuda mushoko raMwari, iro rinotsiva zvishuwo zvakaipa zvemwoyo, worega shoko richikuitira basa rese.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Havi yangu yeshoko raMwari irikuwedzera. Zvido zvese zvakaipa zvirikupedzwa neshoko raMwari randiri kuverenga.

MAVHESI EKUVERENGA

VaRoma 7:19-25

**VaFiri 2:5-6**

Ivai nomwoyo uyo urimunaKristu Jesuwo, Iye kunyangwe ange akafanana naMwari haana kuti kuenzana naMwari, ndochinhu chinofanira kubatisiswa:

Unepfungwa yaKristu saka nyudza mwoyo wako muchokwadi ichi kusvika wave kufunga saye nguva dzese. Pfungwa dzaKristu hadzifunganye, kana kuvhiringika, uye pfungwa dzake hadzirasike. Pfungwa dzavo hadziguunge kuita zvinhu zvinovaparadza, kana kukanganisa budiro nehupfumi hwavo. Pfungwa yaKristu haifunge zvekubhuroka kana kushaya. Ipfungwa yakasimba isingafunge zvehurombo kana kuteerera manyepo ewakaipa. Ndiyo pfungwa yaunofanirwa kuva nayo.

Ichi ndicho chakwadi chiri maererano nepfungwa dza Kristu, asi wambofunga here kuti vhesi iri kuti ririkukudzidzisei? Pekutanga riri kuti, "iyewo kunyangwe ange akafanana naMwari." Zvimoreva kuti pfungwa dzako dzinofanirwa kutungamirirwa neruzivo rweuyo akakusika uyo akafanana newe. Vhesi rinozofiti pfungwa dzaKristu hadzina kufunga kuti akaenzana naMwari. Aiziva kuti iye naMwari vakafanana, havapatsanurike uye vane pfungwa imwe chete! Funga pamusoro pechokwadi ichi, uchaona wave kufunga pfungwa dzakaita sedzaMwari, zvobatsirana nepfungwa dzaKristu dziri mauri!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinepfungwa dzakachengetedzwa dzisingakanganiswe nemanyepo ewakaipa. Ndine pfungwa dzepamusoro kudari-ka zvepasi rino izvo zvisinganzwisikwe nepfungwa dzemunhu. Saka hakuna chinokona kwandiri. Pfungwa dzangu dzakazaruka kuti ndinzwe zvinotaurwa nemweya uye pfungwa dzangu dzinoita sedzaMwari.

MAVHESI EKUVERENGA

1 VaKorinde 2:16

**Genesisi 3:20**

Munhu akatumidza mudzimai wake zita rinsonzi Evha, nokuti ndiye amai vavapenyu vose.

Wanano inoshandwa kubva murudo asi harifanire kuva basa rakamarara kuitwa kwaro. Kana munhurume akasangana nemunhukadzi waanenge achinzi ndiye anofanira kuva mubatsiri wako naMwari, anenge asina zvese zvakakwana paari. Unenge uchizvinyepera kana uchifunga kuti anenge ainezvese zvakananira uye hauwane zvaunenge uchitarisira muwanano yako. Adhamu akapa Evha zita nebasa zvaaida iye, uye murume akapihwa nyasha naMwari dzekusika mudzimai waanenge achida kugara naye. Mwari anoudza munhurume zvinodiwa nemunhukadzi kuti ave mudzimai wake, uye munhurume anofanira kumirira kusvikira zvaanotarisa

pamudzimai wake zvavepo.

Murume ane basa rekugadzirisa zvinenge zviri pamudzimai wake kuti ave munhu waanoda kuti ave, uye anogadzirisa hunhu hwake kwete nekutuka nekushora asi anomugeza neshoko raMwari (VaEfesu 5:25-26).anoona zvinonzi mushoko raMwari ndozvakaita mudzimai wake achimukurudzirawo kuti avesezvinotaurwa neshoko raMwari pamusoro pake. Munhurume anebasa rekuva sezvakaita Jesu Kristu kukereke kuburikidza nekumuda sekuda kunoita Kristu kereke (VaEfesu 5:27). Saka usanete. Namata ude mudzimai wako semadirwo afinaitwa naKristu. Rudo rwaKristu rwunobatanidza kereke nekuinatsa. Mashoko ake anoitakuti runako rwayo rwuratidzike. Zvese zvaanoita nekutaura pamusoro payo zvakanangana nekuunza zvakanaka zviri mairi. Anoipfekedza zvinoyevedza uye achiiona izere nehutsvene. Ndzivo zvinofanira kuitwa nemunhurume kumudzimai wake, kuitira kuti asike mudzimai waanoda.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Rudo rwangu rwuri kuwedzera apo ndirikutevedzera zvandanzini ndiife mushoko raMwari. Ndine nyasha dzekubudirira pane zvese zvandakanzi ndiife nezita raJesu.

MAVHESI EKUVERENGA

VaEfesu 5:25-28

**1 VaKorinde 11:3**

But I would have you know, that the head of every man is Christ; and the head of the woman is the man; and the head of Christ is God.

Muwanano hamuna chinonzi kuenzana uye zvandirikutaura zvakasiyana nezviri kudiwa nenyika kufi zvive. Zvakangodaro, kune mamisikidzirwo akaitwa naMwari ewanano, ekuti kana munhukadzi ada wanano anenge asarudza kuti onozviisa pasi pemurume wake. Shoko raMwari rinoti musoro wemunhurume ndiMwari, uye musoro wemunhukadzi murume wake (1 VaKorinde 11:3).

Zvinonzi murume musoro uye mudzi-maiwake mutsipa wake sakamudzimai anogona kutendeutsa musoro yu achiunangisa chero kwaanenge

achida, asi ichi ichokwadi chisina kukwana. Kunyangwe chiri chokwadi chekuti mudzimai anogona kuudza murume wake zvokuita kuburikidza nehurukuro dzavanenge vachiita, dzine humwari kana mararamiro avanoita, basa rake rakakosha nderekutsigira mafambiro anenge achiita musoro uye murume wake ndiye anenge achitunbgamirira.

Kana tikada kuona mamisikidziro akaita musoro nemutsipa tinoona kuti mutsipa haumbofa wakaenda pamusoro pemusoro, unogara uri pasi pawo. Iyi ihochekeche yakafanira yemutungamiriri nemutsigiri wake izvo zvinobatsira pakuunza hutungamiri hwakanaka. Izvi ndizvo zvinounza simba nekukosha kwemudzimai.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakazvipira kuna Kristu uye simba rangu ririmukuteerera kwangu. Ndinotevedzera zvinodiwa neshoko mukuwadzana kwangu nevamwe, muwanano yangu nemubhizimusi rangu. Ndinotema chirevo kumuvengi chekuparadza nekudzima hurongwa hwake pamusoro pevandinowadzana navo, nezita guru raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

1 Petro 3:1-2



Mabasa AvaApostora 9:39

Ipapo Petro akasimuka akaenda navo. Vakati vasvika vakamuisa kuimba yokumusoro chirikadzi dzose dzikamira naye dzichichema vakamuratidza zvokupfeka nenguvo dzavakanga vaitirwa naDorkasi eachiri navo.

Kune ngano iri pamusoro pechitubu chehutsva, uye ngano iyi inotsanangura kuti mvura yemuchitubu ichi inodzoredza hutsva hwemunhu wese anenge ainwa kana kugeza nayo. Nzvimbo iyi kune vanhu vakawanda vanoitsvaga vanoida asi haipo pachokwadi. Vanenge vachitsvaga nzvimbo iyi vanenge vaine chishuvo chekugara vari vatsva vasinga chembere vasingafe. Chiripo chinhu chinochengetedza hutsva hwemunhu uye chinoita kuti agare arimupenyu kwe-

makore akawanda. Kurarama kwenguva yakareba kunesimba kudarika rufu, asi kunowanikwa neavo vanebasa rekuita muhushe hwaMwari.

Bhaibheri rinotiudza pamusoro pemudzimai ainzi Dhokasi, uyo akaramba akakosha kuburikidza nebasa raMwari raaiita uye nekubatsira kwaaiita vanhu. Paakafa pakawanikwa humboo hwairatidza kuti munhu akange achirikudiwa kuti ararama panyika. Rufu rwakamankidzwa kuti rwumuregedze akadzoka kubva kuvakafa. Mubvunzo uripo mukuru ndewekuti wakaitei naJesu Kristu pawakamutambira satenzi nemuponesi wehupenyu hwako? Iye zvino yasvika nguva yekuti upindure mubvunzo uyu. Ndinokukurudzira kuti ushandise nguva yako pane rino pasi uchiita basa raMwari. Ukadaro unenge wazvichengetedza kuti urarama kwemakore akawanda.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri kutema chirevo chekuti handisikuzofa nguva yangu isati yakwana Ndichawedzera makore angu ekurarama pane rinopasi uye ndichasiya rupawo rwusingadzimike rwekurarama kwangu.

MAVHESI EKUVERENGA

Mapisarema 90:12

**2 Samuiri 6:6**

Zvino vakati vachisvika paburiro raNakoni Uza ndokutambanudza ruoko rwake kuareka yaMwari akaibata nokuti nzombe dzakanga dzogumburwa.

Mumamiriro ezvehupfumi hwaMwari haubvumidzwe kudarika zvimwe zvinhano zvaunenge wanzi utevedze. Vakakuudza zvekuita, uye vokuraira kutiunofanirwa kuzviita sei, unofanirwa kutevedzera zvinenge zvarehwa. Uza akazozviziva nenzira yakao ma kuti mirayiro yaMwari inofanirwa kutevedzera. Mwari vakange varayira kuti areka yaifanirwa kufambiswa sei ichibviswa pane chimwe chinzvimbo ichiiswa pane chimwe, uye vaitarisira kuti mirayiro yavo yaizotevedzera yese.

Areka yaifanirwa kutakurwa nevaRevi chete, hapana mumwe aibvumidzwa kuibata. Asi, areka payakange yavekufambiswa ichibviswa kuBaale-Judah ichiendeswa kuguta raDhavhidi, yakazunguzika irimungoro yakanga yakaitakura. Uza akatambanudza ruoko rwake achida kuimisa kuti isazunguzike asi mukudaro akatyora mutemo waMwari, kupotsa kwake kukamuurayisa.

Kurarama hupenyu hwakadzika zvinoreva kukoshesa zvinhu zvaMwari nekunyatsotevedzera zvese zvinenge zvichidiwa, uchinzwisisa kuti ndiMwari vanerudo, uye kuti mutongi akarurama. Hauna zano raunogona kuuya naro rinokunda raMwari. Saka usaedze kubatsira Mwari uchivaitira twunhu tweekuvafadza ivo vasina kukutuma. Murayiro wese wavanokupa unebasa, nekuti vanenge vachifunga pamusoro pekuti zvikunakire muhupenyu hwako. Chakakosha chete ndechekutevedzera zvavanenge vakuudza.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirimushandiri washe. Saka ndinotevedzera zvese zvavanenge vandituma kuti ndiite.

MAVHESI EKUVERENGA

Ruka 6:46; 1 VaKorinde 1:25

**Isaya 12:3**

Saka muchachera mvura nomufaro pamatsime oruponeso.

Chinhu chinoshamisa zvikuru kuwana ruponeso! Ruponeso zvinoreva kuti mweya wako unenge waponeswa kuti uvemumwe chete newaMwari, uchichengetedzawo nzvimbo yako kuhushe hwaMwari uye kune zvimwe-wo zvakawanda zvaunowana kana waponeswa. Kune matsime eruponeso unogona kukupa nzizi dzinochengetedza nekuponesa hupenyu hwako. Kuwana ruponeso, kuwana dzikinuro, rubatsiro kundiso hutano hwakanaka nekupfumiswa. Hareruyah!

Pawakatendeuka wakawaniswa zvese zvinodikanwa pakuti urame nekuti pawakaponeswa wakabva wawana-wo Jesu! Mbiri ngaipihwe kuna Mwari! Maari ndimo munezvakanawanda zvinofashukira zvaunoda muhupenyu hwa-

ko. Ndosaka bhaibheri ririkuti muchachera mvura nomufaro pamatsime oruponeso! Mamiriro akaita zvinhu muhupenyu hwako anogona kunge achipesana nechokwadi chirimuruponeso rwako.

Unogona kunge uine hurwere hwaunenge uinahwo. Unogona kunge usina mari mubhanga rako. Mhuri yako inogona kunge ichida kudzikinurwa. Zvinhu zvisingakufadze zvinogona kunge zvichiitika pauri. Rufaro rwunounzwa nezvinenge zvichiitika pauri. Nekunerumwewo rutivi unogona kugara uine rufaro nekuti unenge uchigara urimuhuvepo hwaJesu (Mapisarema 16:11) uichigara naye muhupenyu hwako uye uine zvese zvaanouya nazvo. Bhaibheri rine shoko rinogadzirisa nekukuwanisa chese chaunoda muhupenyu hwako. Ndiyo mvura yacho. Chera mvura mutsime iri, ugopemberera wave kuziva kuti kune zvinogadzirisa matambudziko aunasangana nawo!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinemufaro usingapere nekuti Jesu aneni. Ndakabatsirwa. Ndirimukundi. Ndadzikinurwa. Ndine hutano hwakanaka, uye ndinongoona hupfumi chete! Ndichapemberera, ndonakidzwa, ndomhanyisa wakaipa! Hareruyah!

MAVHESI EKUVERENGA

1 VaTesaronika 5:16

MAGWARO EVHANGERI EKUDZIVIRIRA

ISAYA 54.

NDICHASIMBISWA MUKURURAMA
NDICHAVA KURE NEKUMANIKIDZWA
HANDINGATYI UYE NDIRIKURE
NEZVINOTYISA

PAKAITA ANONDIRWISA,
HANDITOMBOFUNGA KUTI VATUMWA
NAMWARI, UYE KANA VAKANDIRWISA
NDINOKUNDA

MWARI AKASIKA MUPFUURI
ANOPFUTIDZA MAZIMBE MUMOTO
NOKUITA NHUMBI YEBASA RAKE
NDIYE AKASIKA MUPARADZI KUTI
APARADZE

HAKUNA NHUMBI YOKURWA
INOPFURWA KUZORWA NENI,
ANONDIPAOMERA MHOSVA ACHANZI
MUNYEPI. NDIRIMURANDA WAMWARI
UYE MWARI VANOITA KUTI ZVINHU
ZVESE ZVINDISHANDIRE
MUNEZVAKANAKA

NDIZVO ZVINOTAURWA NAMWARI KWANDIRI
UYE HAZVIRAMBE KUBUDIRIRA NEZITA RAJESU!

TRANSLATED FROM THE MESSAGE BIBLE IN ENGLISH



WAKATAMBIRA JESU KRISTU SATENZI?

CONVIDAMOS VOCÊ A FAZER JESUS CRISTO
O SENHOR DA SUA VIDA FAZENDO ESTA ORAÇÃO;

“Ó SENHOR DEUS, VENHO A TI EM NOME DE JESUS CRISTO. CREIO
DE TODO O MEU CORAÇÃO EM JESUS CRISTO, FILHO DO DEUS
VIVO. CREIO QUE ELE MORREU POR MIM E DEUS O RESSUSCITOU
DOS MORTOS. CREIO QUE ELE ESTA VIVO HOJE CONFESSO COM
A BOCA QUE JESUS CRISTO É O SENHOR DA MINHA VIDA A PARTIR
DE HOJE. POR ELE E EM SEU NOME, TENHO A VIDA ETERNA, SOU
NASCIDO DE NOVO. OBRIGADO SENHOR POR SALVAR A MINHA
ALMA! AGORA EU SOU UM FILHO DE DEUS. ALELUIA!”

PARABENS! AGORA VOCE É UM FILHO DE DEUS.

TO RECEIVE MORE INFORMATION ON HOW YOU CAN GROW AS
A CHRISTIAN PLEASE GET IN TOUCH WITH US ON:

UK: +44 3333 448 612

USA +1 240 781 6942

RSA +27 51 004 0209



Become a
GoodNewsWorld
PARTNER



PARTNER NOW AND HELP SPREAD
THE **GOODNEWS** AROUND THE WORLD

VISIT www.goodnewsworld.com/partner



The Good News World Helplines

USA: +1 (240) 781-6942

UK: +44 333 344 8612

RSA: +27 (51) 004-0209

www.goodnewsworld.com